Nomer 51 · Salasa 21 Juni 1927 ( 20 Rajagoeng 1345) Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoelneweg No. 25 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih . f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Anti koeminis.

Saparantos aja reuweuh - reuweuh koeminis dina sasih November di oerang, sareng dina sasih Djanoeari di Soematra, kenging disebat geuudjleung lantaran baloeas kareureuwasan; geus soemawonna ari anoe kagoengan papantjen ngadjaga kaamanan mah, dalah anoe sanes oge teu koerang - koerang kahariwangna, djeung dibaroeng kakeuheul pedah aja kadjadian anoe sakitoe matak teu panoedjoena.

Dina waktoena prak aja goejoer tea sareng koemaha kariboetanana harita ajeuna mah geus sanes tjarioskeuneun, sadaja pada peninga, ngan ieu dina sabadana oerang papaj deui koemaha baloekarna.

Koe lantaran aja kadjadian reuweuh-reuweuh tea, nja ger di sababaraha tempat aja anoe maratjakal oesaha, maksoedna arek noempes koeminis, meureun karepna mah arek ngarodjong ka Pamarentah. Geuning aja Residen anoe ngadjak koe parentah aloes ka bawahanana, soepaja ngabaikot anoe djadi lid koeminis, nja eta dina aja kasoesahna kaom koeminis mah oelah ditoeloengan, teu meunang diambat. (Tingali bae oenggelna serat Residen Banjoemas dina Bat. Nieuws lad 29 April).

Ngan badena bae Pamarentah titi soerti, eta karepna Residen teh henteu diroedjoekan, henteu dihaminan. tina lantaran moal doa koe pamarentah kaoeninga jen peta kitoe teh lain djalan hade toer bakal goreng pibaloekareunana.

Lian ti di Banjoemas, atoeh di oerang oge aja deui pagawe Pamarentah anoe kawasna bawaning koe rek taki-taki atawa lantaran ginggiapeun meureun, boeroe-boeroe njieun atoeran anti koeminis koe djalan kasar, nja eta aja anoe ngadjak atawa marentah aloes ka goeroe-goeroe sakola koedoe njarieun lezing di desa-desa ka kolot ka boedak ngawawarkeun maksoed anti koeminis tea. Palebah dieu koe oerang henteu kakoeping digetrik-getrik koe Pamarentah, manawi lantaran henteu terang-terangan sapertos Banjoemas pang diantep teh, sanes lantaran moepaka' teeroeg-toeroeg boektina ngan tiba aja saliwat.

Anti koeminis nganggo djalan kieu teh, aja matakna malah gede mamalana manan mahajoena, atoeh saperkawis: ngagawekeun goeroe sina djadi pakakas kana anoe lain tjabakna; meureun pedah sok rea goeroe toekang tjarita, maroekan beunang dianggo kana sagala tjarita, dapon ngatoeih; henteu disasar heula boa eta anoe koedoe didalangkeun teh pohara anoe teu aja-aja atjan dina pikiranana, toer dina salahna matak mengkol tina rek njarek djadi nitah. kapan adat tabeat boedak mah kana naon-naon anoe diomat - omatankeun oelah diboeka oelah njaho oelah katendjo, tah sok tambah njongsrong panasaran, hajang njaho; mangka emoet kana dongeng Jaksa anoe mihapekeun koentji kamar ka koekoetanana.

Kadoea perkawis atoeh sami sareng ngipoek poelitik, anoe mentas dikeprak sok toeloej dikeparoek.

Perkawis merangan koeminisme mah teu kenging diloemajankeun kitoe, teu kenging koe ononng pamoekproek koedoe sabar, koedoe tawekal, koedoe soeka lilah, soemerah kana kadar, tjara ka boedak leutik, da ajeuna mah djelema geus beunta. Ari djalan meranganana taja lian ngan koedoe diteangan sabab-sababna noe leuwih djero, lain tiba ditambalan tjangkangna koe boeboetoetan.

Djabi ti anoe kieu, aja deui anoe rek ngadegkeun burgerwacht babakoena Walanda-Walanda anoe diroengsing koe kahariwang. Binihna ieu maksoed rada kiroeh koerang sehat, anoe matak koe Pamarentah anoe titi soerti ati-ati teu karoedjoekan.

Ajeuna oerang perloe miloe medar, naon sabab sababna anoe matak di oerang aja reuweuh reuweuh goejoer koeminis, djeung koemaha djalandjalanna noeroetkeun katrangan djeung papajan anoe enja, anoe perloe tea kaoeninga koe anoe njaah ka bangsana soepaja oelah kabawa koe sakabakaba.

Ari eta mah maksoedna koeminisme, di dieu moal dibedjer beaskeun, da ieu mah sanes bade propaganda, ngan perloe kaoeninga karepna, nja eta koeminisme teh rek ngabongkar atoeran djagat ajeuna, rek dirobah rek dibalikkeun djadi hidji roepa model nagara noeroetkeun pahamna Lenin djeung sakantjana, tjara anoe ajeuna geus didjalankeun di Roeslan, babakoena rek ngarobah rasa kana pangaboga kana banda kana pamarentah djeung kana sagala atoeran hiroep koemboeh ajeuna, kabeh koedoe dileboer dibalik lemah djadi koeminis, boh agamana boh drigamana.

Koe lantaran kakara Roeslan woengkoel anoe ngadeg. ari kahajangna koedoe sakoeliah doenja, nja internationaal ka tiboe dina kongresna di Moskou, geus netepkeun jen Hindia koedoe dibantja dikoeminiskeun, lantaran aloes tempatna pikeun ngaliarkeun kakawasaan koeminis ka sakoeliah djagat, da Hindia aja dina liliwatan doenja.

Djadi koe koeminis mah oerang teh rek didjieun ipoekan, djadi pakakas geusan ngalaksanakeun maksoedna.

Koemaha ari tarekah eta koeminis teh dina ngaliarkeunana karep? Ieu pirang pirang, ngan anoe perloe koe oerang kaoeninga, nja eta:

1. Ngadatangkeun semah anoe djadi propagandis ka Hindia, babakoena ti Tjina, da di nagara Tjina kaom koeminis geus boga tanaga geusan ngadjalankeun aksina.

2. Ngaliarkeun binih koeminisme ti anoe geus dipelak koe maranehanana di oerang Hindia, nja eta ngarintah-rintahkeun paham kakoeminisan ka kantjana saoerangna aja anoe koedoe meunang sapoeloeh balad, saanoe kaomna, atoeh anoe geus katepaan koedoe nepakeun deui, tatalepa patepaan tapaan.

3. Ngaliarkeun boekoe - boekoe djeung soerat-soerat kabar atawa soerat-soerat noe sedjen.

4. Ngadegkeun cursus koeminisme, ngadegkeun sakola, njieun vergadering djeung sabangsana.

5. Ngasoepkeun paham koeminisme ka vakvereenigingen (V. S. T. P. djeung sabangsana), anoe bakal didjieun pakakas ngadjalankeun maksoedna.

Tah eta anoe djadi babakoe djalan djalanna. Ieu djalan koeminisme anoe bieu, koe pamarentah dipeungpeuk kabeh ajeuna mah, djadi tarekahna teh lain ditoemboel-tambal dipakprak dipoekproek, tapi dibongkar ka akarakarna. Petana, nja eta:

1. Sakoer semah anoe datang ka Hindia ditalingakeun bener-bener, komo anoe ti Tjina mah.

2. Leider koeminis kabeh diboeang ka Digoel. (Wartosna eta anoe diboeang teh engke mah bakal ditimbang, sanggeus di ditoena ditalingakeun enja-enja, saha anoe sakira-kira geus tjageur tina kakoeminisanana, geus teu matak tepa, tah engke anoe kitoe mah kawas bakal dipoelangkeun deui, ngan ajeuna teu atjan ari aja katetepan mah.)

3. Boekoe-boekoe, serat-serat kabar anoe ngandoeng binih koeminisme, kabeh dirampasan.

4. Pakoempoelan koeminis dilarang, nja kitoe deui vakvereeniging anoe sipat koeminis dilarang sarta dikoebarkeun.

Ajeuna kadjabi ti oeninga djalanna, perloe deui oerang awas kana ngadjalankeunana, koemaha aksina.

Koe lantaran kaom koeminis geus boga katangtoean rek ngabongkar djagat ngabalik lemah djadi ngan woengkoel ngadjalankeun karepna anoe bras ka dinja, soegri anoe tjeuk manehna djadi pangbeungna kabeh koedoe diroeksak teu perdoeli kana hade djeung goreng, kana halal kana haram, teu mirosea kana djahat henteuna, noeroetkeun salah djeung bener paham ajeuna, naon-naon koedoe dirempak sok moal moedjoe kana maksoedna, tjeuk pamajoena mah membabi boeta, taja anoe diperdoeli deui.

Eta sababna anoe matak koeminisme mah geus ngoebrakeun agama, ngadjaoehan agama, ngoebrakeun kabangsaan, ngamoesnakeun rasa bangsa, teu merdoeli kana rasa boedina bangsa; lantaran dina agama djeung dina kabangsaan mah katela ngandoeng woelang kana ngabedakeun hade djeung goreng, ngabedakeun halal haram, kana boga pamilih mana anoe djahat anoe bageur, toer ari kabangsaan mah boga dadasar ngawewegan ngoekoehan djeung moelasara atoeran ngadegna bangsa dina hiroep koemboeh ajeuna.

Tangtoe pisan djoedoel pamaksoedan koeminisme sareng kabangsaan mah patoekang - toekang, apan kabangsaan mah hajang ngadangdanan djeung keur ngomean rasa noe aja ajeuna, rek make ieu anoe keur dipake, ari koeminisme mah rek ngabasmi rasa ajeuna anoe aja dina sipat bangsa tea, da moal bisa ngabalikkeun lemah lamoen aja rasa kabangsaan mah.

Nja kitoe deui moal bisa ngaroentagkeun atoeran djagat ajeuna, lamoen masih keneh aja agama anoe boga pamilih hade djeung goreng, halal djeung haram.

Baloekarna nja sina leungit rasa watir, leungit njaah, leungit asih, leungit karoenja, leungit bener, leungit hade, moesna sagala roepa rasa, ngan tinggal noedjoe maksoed ngabongkar djagat.

Toeh geuning kabangsaan teh patoekang-toekang djeung koeminisme.

Soegri anoe teu panoedjoe kana reuweuh-reuweuh kariboetan November, atoeh ari kitoe mah koedoe geuwat laloempat kana pakoempoelan kabangsaan.

Baeu! Di dieu koempoel di Pasoendan!

Teu atjan tjekap papajan oerang, papajan Pamarentah lamoen ngan oekoer tepi ka dinja mah, ajeuna oerang teang naon sabab - sababna anoe matak eta koeminisme bisa djadi di oerang, nepi ka bitoena, bisa ngageundjleungkeun kitoe.

Tadi parantos kaoeninga jen binih koeminisme anoe dipelak di oerang teh asal ti Roeslan.

Bibinihan mah ana dipelak dina tanah anoe angar tangtoe moal morontod moal djadi djadi atjan di djadina oge mereketetet.

Djadi ana kitoe Hindia teh pang beunang dipelakan binih koeminis, atoeh meureun aja bahan geusan djadina, ngan teu lendo.

Naon djeung koemaha tanah bahanna koeminisme di dieu teh?

Ieu koe oerang kedah dipapapaj.

Koeminisme teh bisa soeboerna di tempat tempat anoe djelemana ngarasoela, (ontevreden) rea katoegenahna, rea kasangsaranana, rea kanjerina, nepi ka gampang kabengbat koe tjaritaanana.

Di oerang katingal koe koeminis katoegenah. (ontevredenheid) teh lantaran Hindia djadi koloni (tanah dibawah parentah) aja pamarentah aja anoe diparentah, djeung oerang dieu ngarasoela lantaran madjar maatschappijna koerang sehat ekonomina, lantaran beurat koe padjeg, lantaran atoeran nagara, lantaran prijajina, lantaran kieu lantaran kitoe, lantaran onderwijs koerang madjoe koerang aloes nepi ka rea anoe teu bisaeun nimbang salah djeung bener, hade djeung goreng, toeroeg - toeroeg anoe djadi ponggawa pamarentah koerang awas, ti somah geus rada renggang.

Tah sabot katingal kitoe, tjeb-tjeb geuwat dipelakan koe koeminisme.

Tah ari parantos katingali mah anoe bieu djadi marga lantaranana, pang koeminisme bisa djadi, bisa toemoewoeh di oerang koe perkawis anoe bieu tea, atoeh mangga ajeuna eta anoe bieu teh geura dangdosan geura oeroeskeun deui masing tambah aloes tambah moeloes, nja eta:

1. Pamarentah sareng anoe diparentah koedoe beuki ngahidji, kakawasaan Volksraad geura sina sampoerna, Raad-raad anoe sedjen geura bere kakawasaan, Hindia sina geura marentah sorangan (autonomie Hindia).

2. Ekonomina oerang dieu koedoe geura sina sehat.

3. Padjeg oelah beurat teuing.

4. Atoeran pamarentahan djeung prijina koedoe tambah aloes, tambah pinter tambah djembar kaoeningana; prijaji koedoe sina tabah kana poelitik awas tingalna djembar akalna loehoeng panemoena. Pangadjaran Osvia sing asak, asak kapriboemianana, asak elmoena asak panemoena.

Prijaji B. B. kedah sina tambah ngadeg sorangan, sina boeka akalna, sina motekar metakeun tarekahna dibere djalan kamerdikaan, oelah sina moentir koe pamoeter batoer woengkoel (koedoe outvoogd), sangkan tambah awas tambah hideng tambah goena djadina kapala.

5. Maatschappij di oerang koerang sehat lantaran onderwijs koerang aloes, ieu kedah enggal onderwijs pikeun volk dileehoeran dialoesan direaan, piel sakola desa loehoeran.

Goeroe sakola desa loehoeran elmoena, pangadjaran sakola koedoe anoe matak moekakeun akal djeung bebeneran, teu tjoekoep koe noelis matja ngitoeng woengkoel, noe noengtoenna koedoe djembar tinganna, poelitik koedoe sina njerep ka desa-desa. Begrooting onderwijs tambahan.

6. Prijaji B. B. oelah renggang ti djelema rea, ieu mah tingali kongres Sedio Moeljo. biantarana K. Dalem Pasoeroean, K. D. Bandoeng sareng sawala-sawalana.

7. Ngan prijaji B. B. sagemblengna kedah sina tarabah kana poelitik, sina tabah kana toedjoean pakoempoelan sareng sapoeratina, soepaja tambah adil tambah djaoeh tingalna.

## Tjoerat - tjaret.

*Hormat djeung contact (tjampoer)*

Dina soerat-soerat kabar Walanda hal kagoedjroedan koeminis kamari ieu teh diseboetkeun salah sahidji sababna pangna bisa kadjadian, lantaran, tjenah, rahajat teu patjorok djeung kapalana, djadi teu wawoeh (vevreemden). Oge lantaran rahajat geus ninggalkeun adat istiadat karoehoenna, pokna teh, teu nembongkeun tata kahormatan tjara bahara - bihari. Noe matak, moen teu salah, koe salah sahidji soerat kabar Walanda, dipoersetel soepaja diajakeun deui oepara tjara saperti baheula. Sina tembong kaageunganana noe djadi menak. Meureun ngaleut ngeungkeuj pangiringna, giuding papakeanana. Noe dipambrih ngarah isin, ngarab sieun. Maksoed noe leuwih djaoeh sangkan koemoereb soemoedjoed, teu rek baha ngarasoela, lahiriah soekalilah, batinna mah anging Allah noe oeninga. Kitoe tah meureun. Teu beda ti balad-balad (serdadoe), radjeun abring - abringan ngagoegoesoer mariem sagala, keur nembongkeun kakawasaanana (machtsen vlagverteen). Di bangsa menak nja koe kaagoenganana.

Salah-salah teuing eta poerstel nja henteu. Sabab enja djelema - komo bangsa oerang - sok serab koe bangsa hoeroeng-hoeroeng, herang-herang, da biasana ieu teh tjitjiren bisa moerba wisesa. Malah kakoelonkeun geus katjeloek oostersche pracht en praal.

Noeroetkeun papajan sadjarah teu salah, ngan dina waktoe ieu kawasgeus teu merenah. lantaran noe boga kahajang, noe moerstel tea, teu bisa noong sanoeharina bangsa priboemi djaman kiwari.

Kamadjoean di oerang pohara gantjangna lain dibandingkeun djeung deungeun tapi ngingetkeun kamadjoean oerang welasan taoen katoekang. Dina sagala roepa robah. Djadi oge dina adat istiadat, taladjak dina tata mere hormat.

Ari noe ngarobahkeunana nja eta pangadjaran djeung tjatjampoeran djeung roepa-roepa bangsa.

Pangadjaran ngarobahkeun anggapanana djelema ka dirina pangageeng. Kapinteran maranehanana nembongkeun ka maranehanana noe dina hiroep koemboeh pada boga hak djeung kawadjiban (rechten en plichten). Toerta tjeuk anggapan koena mah kapan (adoratie-periode) noe djadi pangagoeng teh djelema . . . saloehoereun djelema noe ngan boga hak woengkoel, noe moerba wisesa. nepi ka paeh djeung hiroep dianggap tergantoeng ti dinja.

Anggapan ieu leungitna teh lain bae di bangsa noe diseboet kaom terpeladjar tea (intellectueelen), tapi oge di noe leutik, tina geus loba roepa roepa pagoejoeban tea.

Djaman kiwari mah kapan si kampoeng baoe lisoeng teh geus wani ngritik kana tingkah lakoe loeloehoerna. Ieu oge geus djadi tanda, ganti djaman.

Oepama didjalankeun teh sakahajangna soerat Kabar, ditarimana teh meureun koe „imoet" bae, sabab Marhaen 1927 kawas geus moal kalaokoe siga, lirgalatik sieun bebegig.

Nadjan teu diiring koe singserwa noe matak serab oge, ari ka noe pinter mah, noe adil, noe asih soemelang soemoleang ka noe leutik, djelema teu weleh isin, teu weleh deudeuh, didjoengdjoeng dipoendjoeng - poendjoeng. Dina rioengan gempoengan pada nanjakeun. Geus njaho pada ngaeuleuh-euleuh!

„Loetjoe koe eenvoudig (basadjan)", pokna teh.

Geura ari ka noe pinoeh koe noe moeroeb moebjar, tapi kawentarkeun lakoe lampahna teu tjotjog djeung kahajang noe diparentah, pokna oge tjeuk basa ajeuna mah: „kalaka aksi."

. . . . . . . .

Kalakoean noe geus meunang pa-

(*)

## Ti padoekoehan.

Tjitjengek 5 Djoeni 1345.

„Edas emang mah, geuraheun, bet geus dadahoet deui bae, sajagi embe, beas, soeloeh mani sahoeroenan. Iraha bade hadjatna, mang? Alo mah bade babantoe bae, hajang ngoeah sareng manggang."

„His, ari alo, sok ngamandaloean, kawas teu oeninga. Kapan ajeuna Saptoe, isoekan Ahad. Emang meureun kagiliran deui nampi tatamoe anoe roronda, bari sakalian noempes binatang djahat. Moal enja bae dihatoeranan ANGGOER mah."

„Atoeh noehoen bae kitoe oge; geuning ajeuna bagong-bagong di Goenoeng Rawit teh seëp, mang, pepelakan maroeloes."

„Poegoeh bae alo, lamoen ngan oekoer nepi ka beak mah, tapi eta geuning djol deui djol deui ka Goenoeng-Rawit teh. Malah basa kamari ieu mah, bagong mah da parantos teu aja, TOENGGOEL dibaredilan mani asa kaindit, nepi ka rarawing. Atoeh sabadana, da roepana paraiaj, entas ngoedag-ngoedag toenggoel, teu woedoe moho. Pabeasan mamang mani koredas, malah embe noe bareto oge teu atjan dibajar.

„His emang mah, kakara koe sakitoe geus koetoek gendeng, batoer mah 10 kalieun ti emang, komo djaman poen aki mah, **Embah Ahi**. Emang mah kenging disebat tjetek."

„Jaktos ari kitoe tea mah, da emang oge teu aral, estoe pasrah lilah, ngan pedah bibi **ngagadekeun bedog**"

„Poenten atoeh, mang."

**Kontak.**

---

**(*)**

ngadjaran tjara kakoelonkeun naratajan tatalepa, ngasroek kapilemboeran.

Djelema - djelema geus patjorok djeung bangsa bangsa sedjen noe beda adat istiadatna, toer noe katimbang ngadjalankeun tata kahormatanana leuwih gampang, teroes pada hajang noeroetan djeung enggeus ditoeroetan. Bener ajeuna atjan ilahar, tapi tangtoe djadina loemrah sarta moal beunang dihalang-halang koe oepa tjara kabaheulaan.

Ajeuna mah pangagoeng noe dipi karesep (populair) koe djelema rea teh, noe someah ka somah, noe adil palamarta, djeung basadjan dina tingkah lakoena.

Hesena deui ngoekoehan adat ba heula dina lebah gemeengd gezelschap (roepa roepa bangsa). Geura moestail ari Walanda pangkat komis oepamana anggoekloeng dioek di loehoer, ari dokter bangsa oerang koedoe andekak sila? Nadjan disimboetan dipoekproekan koe adat, keukeuh ari pintjangna mah. Njentoeg kana rasa harga dirina.

Adat teh lain koedoe balik deui ka baheula, tapi baheula djeung ajeuna koedoe sili eledan, sangkan loejoe bisa ngahidji, da geus kakoeroeng waktoe, hiroep dina djaman **Hollandsch Inlandsch Periode.**

Tina sakola (H. I. S) kana papakean (pantalon bendo), tina papakean kana adat (njembah bari nangtoeng) Apa bole boeat. Asal noe dipikahajang koe djelema, toer teu matak ngaroeksak. Kitoe pamentana djaman.

Pamarentah oge teu ngalamoen malikkeun tjai ka girang. Naon noe teu kipikaresep koe djelema, adat noe geus diparitjeun, saoerna, eta tanda waktoe ieu teu koedoe hiroep deui. (Memorie van Antwoord).

. . . . . .

Djadi oepama hajang soepaja rahajat koemoereb teh, koemawoela teu ngarasoela, teu tjoekoep koe dioebaran oepatjara, moal beukieun, geus teu merenah. Toeroeg-toeroeg boa hormat mah djadi sabab oge kana ajana karoesoehan.

Noe poegoeh mah pangpangna soepaja oelah aja kagoedjroedan koedoe njaho kana angen-angen noe diparentah. Njaho naon kahajangna, naon kasoengkanna (noe redelijk), koedoe bisa njoeloempoet kana sanoebarina, ambeh bisa ngawangwang kanjeri kapeurihna. Akalna nia koe patjorok tea (contact). Tjampoer djeung rahajat.

Geuning ajeuna mah teu aja waktoe noe kalaroeng, dina soerat kabar, dina koempoelan, dimana mendi meueus-meueus contact . . . . contact . . . . . contact.

Sapamanggih koering saenjana perkara patjorok noe marentah djeung noe diparentah ti baheula toeg ka kiwari teu aja lowongna. Bisa djadi ngoerangan mah, tapi ari teu aja mah contact sama sakali henteu. Koerang koemaha waktoe mah keur papanggih. Aja koempoelan desa, koempoelan katjamatan, koempoelan distrik . . . . Ngan noe djadi loerah wajah kiwari mah ganti karakterna, enja beunang milih, tapi ahirna sok tjlok ti ditoe, kabiasaanana.

Ari benerna angen-angen rahajat teh koedoe hiroep di loerahna.

Contact?!

Poegoeh, tapi oelah ngarah loba bilangan, loba ingkig, koerang hasil. Kadjeun arang, tapi beubeunangan.

Djadi diantebkeunana lain dina ajana contact tapi **koemaha contactna.**

Mindeng oge ari ngan oekoer samata mata ngadjak marak atawa moro mah, ngadon hajang didama-dama, asa teu goena-goena.

Koedoe djadi pananjaan noe pohara pisan pikeun menak - menak, naon sababna djelema-djelema ari ka bangsa panoengtoen-panoengtoen sok balaka, broekbrak, nembongkeun kangeunah katoegenah, ari ka arandjeunna henteu, toer kapan arandjeunna noe pibisaeun ngabelaan kahajangna, kaperloeanana noe leutik.

Arandjeunna noe boga kawadjiban. Hidji overwinning gede pisan pikeun pamarentah, oepama rahajat geus wani nembongkeun kabeuratna ka noe wadjib, sabab tanda geus mikeun kapertjajaan.

Dioeseupanana koedoe koe vriendelijkheid en menschelijkheid (someah toer dianggap djadjaranana). Koedoe kersa loengsoer roeroeompaheun, oelah angkoeh, andegleng di loehoer, sakoemaha kapalajna Toean Besar.

**Abah si Entiep.**

---

## Hiroep koemboeh.

Njoektjroek tjatoer noe mitoetoer, raratan anoe tjarita, dina djaman anoe kasorang koe karoehoen oerang mah, djaman baheula pisan, beh ditoeeun baheula, hiroepna djalma sagala koe sorangan, djeung sagala keur sorangan. Tapi sanadjan kitoe kaajaanana oge teu bisa eroeng soegema bae, teu kagetrik-getrik koe deungeun, lantaran djalmana dina djaman eta mah saeutik keneh tea.

Ari ajeuna mah, anoe hiroepna kitoe teh, geus langka kabina-bina, oekoer aja di pasisian anoe djaoeh ka ditoe ka dieu, sisi leuweung loewangliwoeng. beunang oge diseboetkeun anoe hiroepna mileuweungan keneh, tapi nja teu boeroeng bae, ari katarik kairid-irid kana kaperloean hiroep koemboeh mah, sabab geus kitoe perwatekna djaman, oenggal djalma koedoe djadi anggahota tina hiroep koemboeh.

Kaajaan hiroep koemboeh di lemah tjai oerang, beuki lila beuki rosa, nepi ka sagala oge aja toekangna, diatoer soeroepanana sangkan ninggang kana kaperloeanana. Soeroepan hiroep koemboeh oerang dina djaman ajeuna, geus ninggang kana kaperloeanana atawa henteu, lebah dinja kawas rada hese nerangkeunana, sabab oenggal djalma pada-pada boga rasa, tapi ari rarasaan anoe gede mah (rarasaan oemoem) moal sakoemaha bedana, lamoen anoe ngarasakeun tea saroea bangsana, ngan tangtoe beda rarasaan hidji bangsa djeung bangsa anoe sedjen, nja kitoe deui dina kaajaan hiroep koemboeh tangtoe beda beda soeroepanana, komo deui hiroep koemboeh oerang dina djaman ieu mah, hoeloewotan anoe ngatoer soeroepanana teh aja dina dampal leungeun sedjen bangsa, anoe geus tangtoe tea rarasaanana beda djeung anoe diatoerna.

Koe oerang kaharti, hidji bangsa anoe marentah bangsa sedjen teh, lain bae ngarah kahormatan, lain bae ngarah kaagoengan, tapi djeung ngarah kaoentoengan. Koe sabab eta, tangtoe bae karepna anoe marentah djeung anoe diparentah salawasna pabentar.

Lamoen oerang nendjona salantjar mah, tangtoe aja oge reugreugna kana hate teh sabab djoena sagala atoeran paparentahan teh ti bangsa oerang keneh, sanadjan geus dialas ti ditoena keneh oge, perkara koerang leuwihna mah goemantoeng koemaha anoe ngadjalankeunana bae.

Ajeuna oerang nitenan koemaha kaajaanana hiroep koemboeh oerang Priboemi djeung bangsa-bangsa anoe sedjen. Lamoen oerang ngalelekan koemaha kaajaanana, nilik anoe djadi boekti, mapaj raratan njata, tetela pisan karereanana bangsa oerang, oepama digitik ratakeun aja dina martabat anoe panghandapna, harkat beda djeung noe lian. Nja kitoe deui, ari saenja-enjana mah, dalah di golongan bangsa Priboemi keneh - oge geus dibagi djadi sababaraha tahapan. Di lemah tjai oerang teh, sanadjan djaman ka-Hindoean geus diganti koe djaman ka-Islaman oge, ari tahap tahapna martabat djalma mah beunang diseboet teu sakoemaha robahna. Dina djaman Hindoe di lemah tjai oerang teh, aja martabat Brahma Satria, Wesya djeung Soedra, martabat anoe saroepa kitoe, ngabeda-beda kelas djalma, toeroen toemoeroen nepi ka djaman kiwari kawas teu aja bedana, ngan oekoer beda sipatna djeung larapna bae.

Soepaja leuwih gampang ngalarapkeunana, ajeuna oerang djadikeun tiloe bagian bae, didjieun tiloe tahapan, nja eta: tahapan loehoer, tahapan tengah djeung tahapan handap. Mingkin loehoer tahapanana mingkin saeutik djoemblahna, djadi anoe pangreana mah noe aja di tahapan panghandapna, tahapan tengah leuwih saeutik tibatan tahapan handap tapi leuwih rea ti batan tahapan loehoer. Diseboet tahapanana soteh ngarah gampang njaritakeunana bae, sarta teu pisan-pisan boga niat rek ngabagibagi goendoekan oerang Priboemi.

Koe oerang tangtoe kaharti, tahapan loehoer teh, enja oge saeutik djoemblahna, tapi gede pangaroehna, gede kakawasaanana, sabab nja kadinja pisan anoe njekel paparentahan teh neundeun kapertjajaanana. Koe sabab kitoe, nendjo sareatna geus tangtoe bae, anoe aja dina tahapan loehoer teh hiroepna soegema djembar kamoeljaan. Oerang geus teu koedoe heran deui, djalma anoe aja dina kasoegemaan, aja dina kadjembaran, kamoeljaan, lamoen teu bisa ngarasakeun koemaha hiroepna, koemaha karipoehanana djalma anoe aja dina tahapan handap tea, tapi meureun nja aja bae ari hidji doea mah, djalma tina tahapan loehoer, anoe mikatjinta sarta hajang ngangkat tina lara masakatna djalma-djalma tina golongan tahapan handap tea, tapi anoe ngabogaan angen-angen kitoe moal aja hidji tina saratoes. Koe sabab saeutikna tea nepi ka meh teu aja arep-arepeunana, ari karereanana mah, nja kitoe tea bae, henteu sakoemaha miroseana kana karipoehanana djalma-djalma anoe aja dina tahapan handap teh, kawasna bae poho jen kamoeljaanana teh, asal tina tanagana tahapan handap tea, tahapan loehoer moal meunang kamoeljaan lamoen teu aja tahapan handap mah, koe sabab eta tangtoe bae boga kawadjiban pikeun ngadjoengdjoeng harkat martabat noe aja di handap, perkara didjalankeun henteuna mah, goemantoeng koemaha rarasaanana bae, tapi bisa djadi oge, nadjan geus aja rarasaan hajang ngadjoengdjoengkeun oge, ieu rarasaan teh bisa kalindih koe kawadjiban kawadjiban djeung perdjangdjianperdjangdjian ti anoe mere kapertjajaan tea, palangsiang nepi ka pohona pisan kana kawaloeratanana anoe ti handap, tina bakating koe ni'matna ngararasakeun kamoeljaanana.

Ajeuna oerang njaritakeun koemaha kaajaanana djalma-djalma anoe aja dina tahapan handap, ari tahapan tengah mah, oerang tjaritakeun engke bae pandeuri, sabab nja tahapan eta pisan anoe rea katjaritakeunana teh.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen tina tahapan handap teh anoe pangreana djoemblahna, tangtoe pisan koe oerang kaharti, nja dina tahapan handap tea ajana sagala kakoeatan teh, anoe matjoel anoe nanggoeng nja tina tahapan handap tea, goejang leutak mandi kesang nja oerang tahapan handap tea, ngoeploek-ngaplak onderneming, nja koe tanagana tahapan handap tea bae.

Tjindekna djalma-djalma anoe tina tahapan handap teh, anoe gede pisan djasana gede pisan goenana pikeun kaperloean hiroep koemboeh mah. Tapi koe sabab rereana bodo (heureut tetendjoanana) nadjan boga kakoeatan oge, teu boga pangaroeh dina hiroep koemboeh, komo deui bagbagan ka nagaraan, atoeran pamarentahan rea keneh anoe roengah ringeuh. Tapi sanadjan kitoe oge kaajaanana, boeboehan djalma tea nja boga bae ari rarasaan mah, bisa ngarasakeun ngeunah djeung teu ngeunah, hajang mantjat kana kasoegemaan, kilangbara manggih kamoeljaan mah tjara tahapan loehoer, atoeh koe eta bae, oelah rea teuing anoe djadi tanggoengan, mokaha matak tibra. Bakating koe katjida ripoehna, nepi ka koepang kapeng hajang manggih anoe noengtoen noedoehan pidjalaneun sangkan oelah katjida teuing ripoehna. Bangsa priboemi noe aja dina tahapan handap teh, katjida noeroetna lamoen aja anoe noedoehan djalan, boh kitoe boh kieu pertjaja bae, teu bisa milih djalan anoe mana anoe bisa ngangkat daradjat maranehanana, mapan boekti dihedjokeun - dibeureumkeun noeroet bae, istoening pikaroenjaeun pisan, eta taja lian ngan tina bawaning hajang manggih kangeunahan sakadarna.

Saha anoe baris ngaping-ngadjaring ka bangsa Priboemi noe aja di tahapan handap, anoe karereaanana sakitoe raripoehna???

Samemeh manggih piketjapeun pikeun ngadjawab ieu pertanjaan, oerang njaritakeun heula koemaha kaajaanana oerang Priboemi noe aja dina tahapan tengah. Ari saenja-enjana mah, anoe diseboet tahapan tengah teh, toh kaloehoer boh kahandap teu aja wates - wangenna anoe tangtoe, hese ngajakeun oekoeranana.

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen djalma-djalma anoe kasoep kana tahapan tengah teh, leuwih rea ti batan tahapan loehoer, tapi leuwih saeutik tibatan tahapan handap, dina tahapan tengah teh, eukeur mah kitoe kaajaanana, toeroeg-toeroeg pabarentjaj pisan, meunang oge diseboet djadi doea bagian. Bagian ka hidji anoe marok-marokkeun maneh njorok ka tahapan loehoer, bagian anoe ka doea, daek tjampoer sagoeloeng sagalang djeung tahapan handap tea, malah boga pikir hajang ngahandjatkeun harkatna sagala. Lamoen koe oerang dititenan di tahapan tengah teh sagala aja, tangtoe oerang bisa manggihan boekti-boektina, eta bae geuning, kapan rereana anoe djadi panghalang kana madjoena pergerakan somah teh nja oerang tahapan tengah tea, malah moenasabah oge lamoen diseboet djadi parabot panghalang; ari moenggoehing oerang tahapan loehoer mah, kieu meureun kitoe meureun da aja di loehoer tea. Nja kitoe deui sabalikna anoe djadi pamanggoelna atawa panoengtoenna pergerakan somah, ari karereanana mah nja oerang tahapan tengah keneh bae, ari oerang tahapan loehoer mah arang langka keneh pisan.

Oerang geus teu koedoe heran, anoe matak kitoe kaajaanana oerang tahapan tengah teh, sabab, anoe katjida marok-marokkeun maneh ka tahapan loehoer teh, meureun poho jen dimana manehna geus teu aja goenana pikeun kaperloean oerang tahahapan loehoer, bakal djadi oerang tahapan handap. Nja kitoe deui oerang tahapan tengah anoe katjida sagoeloengsagalangna djeung oerang tahapan handap, sabab manehna ngarti jen oerang tahapan handap teh, anoe gede pisan djasana pikeun kaperloean hiroep koemboeh mah, sabab nja di dinja pisan ajana sagala kakoeatan teh, nepi ka roep koe padoeng rap koe lemah oge, nja koe tanagana oerang tahapan handap tea. Anoe matak oerang koedoe katjida toemarimana kana djasana oerang tahapan handap teh. Pikeun ngaboektikeun jen oerang toemarima ka maranehanana, oerang koedoe soson soson ngabelaan kana kaperloeanana, sabab ari saenja enjana mah kaperloean oerang tahapan handap teh, nja kaperloean hiroep koemboeh oerang sarerea, nja kitoe deui harkat martabat anoe aja di saloehoereunana teh goemantoeng kana harkat martabatna oerang tahapan handap.

Oerang tahapan handap teh, katjida nande - nandena ka anoe baris ngadjeudjeuhkeun, noeroet sarta gede kapertjajaanana, dibawa njasab oge sok noeroet bae, handjakal pisan lamoen nepi ka kitoe.

Pikeun ngamadjoekeun bangsa djeung lemah tjai, pikeun ngahadean hiroep koemboeh oerang, moenggoehing oerang tahapan handap mah, ngan woengkoel ngabogaan tanaga bae. Dipentaan timbangananana da ari karereanana mah, ngan oekoer bisa njeboet „moepakat" djeung „ngiringan". Dipentaan piwaragadeunana pikeun ngahadean djeung ngamadjoekeun hiroep koemboeh oerang, mapan sakitoe boektina, karereanana aja dina kamasakatan, ngan oekoer bisa ngarasakeun njeri djeung peurih, tjara anoe karasa koe sabagian oerang tahapan tengah tea.

Koe sabab di oerang tahapan tengah teh, nadjan saeutik - eutikeun oge geus njampak pibahaneunana pikeun ngangkat harkat martabatna bangsa djeung lemah tjai oerang, nja ka dinja pisan ragragna ieu kawadjiban teh. Tjindekna sakabeh bangsa anoe aja pakeunna boh pangarti boh piwaragadeunana, boga kawadjiban pikeun ngadjoengdjoengkeun harkat martabat bangsana sorangan. Anoe moengkir kana ieu kawadjiban tetela henteu njaah ka bangsana djeung ka lemah tjaina.

Katjida ngarasa handjakalna, nepi ka kapaksa njaritakeun kaajaan hiroep koemboeh bangsa oerang ditahap tahap kitoe, kapaksa bongan kieu kaajaanana.

Poegoeh oge ari koe kahajang mah, bangsa oerang teh, kabeh oge bisa sagoeloeng sagalang, meureun pisakoemahaeun teuing hadena, gampang ngoedagna kamadjoean, bisa ihtiar babarengan geusan ngaberesan hiroep koemboeh oerang sarta bisa ngangkat martabat bangsa djeung lemah tjai sorangan, diadjenan koe bangsa deungeun.

Panoetoep tjarita, tangtoe sarerea oge terang, jen koe pamandangan bangsa lian mah, sakoemna bangsa oerang teh disaroeakeun bae, sakoer anoe make tjap „Inlander" mah, ari koe kitoe tea mah, lain bae koe pamandangan sedjen bangsa, dalah dina pamarentahan oge aja atoeran-atoeran anoe keunana ngan ka oerang priboemi bae, nja teu naon - naon ari anoe matak ngeunah mah karasana, tapi orakaja rea teuing anoe paitna, kajaning rondadienst djeung Ajaba ti eta.

Sakoer oerang priboemi, sanadjan golongan naon bae oge, koedoe bisa paheujeuk-heujeuk leungeun, sangkan boeroe² bisa handjat tina kaprihatinanana anoe karandapan ajeuna.

**B. S.**

---

## Sendjata api.

Saparantosna Indonesia ditjepeng koe Kandjeng Toean Besar Mr. de Graeff, roepi-roepi padjeg noe ngadjantenkeun kaweratanana ka abdi-abdina diitjalkeun sapertos padjeg kapala (hoofdgeld), Inlandsche verponding sareng sanes-sanesna deui padjeg noe bade dikirangan, djadi hidji tanda Kandjeng Toean Besar njepenhna paparentahan tanah Hindia sareng kaadilan ngemoetkeun kana kasesahananana para abdi-abdina.

Namoeng aja noe matak heran atoeran sendjata api (VUURWAPENORDONNANTIE) noe kasebat dina Staatsblad 1925 No. 499 sareng 1926 No 155 diantep bae, naha kagoengan emoetan anoe perloe gadoeh sendjata api teh noe seueur artosna bae, abdiabdi alit mah teu perloe? Oepami kitoe eta lepat pisan, sapertos noe gadoeh sawah sabaoe dirandjah koe babi, naha kedah diantep bae, da di oedag karo peso atawa koe toembak sanes deui djamanna, ajeuna mah sanes djaman Madjapait; ari miara bedil noe pangaos f 20.— dubbelloop saban taoen kedah majar f 6.- - opat taoen parantos sapangaos bedil; bade meser pestol noe pangaos f 20.— caliber 9 m/m. saban taoen kedah majar f 10.— doea taoen parantos sapangaos pestol, bet asa abong deui. Naha kitoe bade ngitjalkeun sendjata api, soepanten para abdi teu gadoeh sendjata api sieun ngalawan? Naha teu emoet kana kariboetan sasih November 1926. djalmi djalmi noe miloe riboet ngangngo sendjata api teh noe aja pasna? Toeh sadajana oegi teu pasna (gelap), pendekna mah oepami bade djahat mah masing dihalangan koemaha oge tiasa bae; nja oepami sieun-sieun teuing mah pentaan bae, oelah ngangge atoeran kieu diarah bobolehna, oelah neunggeul bari njoempoet. Marhaen dilieurkeun dipoetar poeter koe atoeran Staatsblad. Oepama oelah mah, oelah bae. Tapi pirakoe ari kitoe mah maksoedna. Koe margi eta njoehoenkeun djrg.[2] di Volksraad soepaja ieu Staatsblad ditjarioskeun margi karaosna asa pohara abotna. Waktosna majar padjeg parantos santek ngan kantoen sasasih deui, sasih Juli.

**S. pr.**

---

## Makan pagi.

(samboengan)

**A:** Memangna kitoe, manoesa mah oelah aja toetoerkeuneun, lian ti

kasoeka sorangan (si djinis).

B: Atoeh naha 'Adjengan pohara teuing ngawadjibkeunana kana salat teh? Nepi ka njaoerkeun djaga dikoeboes disiksa atawa digandjar (sawarga - naraka)

B: Ari geus, rek njalahkeun kitoe?

B: Nja oepama noeroetkeun tjarita bieu mah, salah meureun.

A: Ari silaing tjara noe koerang pikiran. Kapan Adjengan mah darma njadakeun woengkoel.

B: Enja sanadjan njadakeun oge, da moal enja njadakeun noe salah, tjek andjeunna.

A: Kitoe-kitoe bener; da nadjan Adjengan oge, ngamistikeun soteh, ka noe Islam kaoman Kg. N. Moehammadoerasoeloeloh s. a. w.

B: Bener deui wae, eta oge. Tapi aja deui malah rea noe tjarita: jen agama mah euweuh deui noe pang aloesna lian ti Islam Kg. N. Moeh. rosoeloelloh tea.

A: Enja, sabab basa bidjil ti rasa, rasa anoe sorangan.

Soranganana, ana euweuh deui pitjaritaeun, tangtoe ngan sakitoekitoena noe kadenge koe oerang.

???

## Basa Malajoe Basa Indonesia.

Basa anoe 'dianggo dina kempelan di R. R. Bogor nja eta basa Malajoe. sakapeung aja oge basa Walanda.

Basa Soenda diwenangkeun, namoeng teu atjan aja kadjadian.

Basa Malajoe dianggo basa sadidinten di R. R. Bogor mah.

Dina lebah ngaanggona basa Malajoe, kapoongkoer dina rioengan (vergadering) katiloe kalina, 'sim koering parantos nerangkeun, naon margina sim koering nganggo basa:

„Saja, Toean Voorzitter" antawis lid sareng Voorzitter.

„Hamba, Kangdjeng Boepati," antawis padamelan.

„Hamba, Kangdjeng Boepati," antawis Kartaatmadja sareng Kangdjeng Dalem.

Tatakrama oge dianggo noemoetkeun lebahna.

Basa Malajoe djadi basa Indonesia, oelah aja hidji oerang Indonesia noe teu tiasa kana basa Malajoe.

Istri-pameget, sepoeh-anom perloe tiasa basa Malajoe.

Di Volksraad, di Provinciale Raad, di Gemeenteraad sareng di sadaja Regentschapsraden noe parantos aja, atanapi noe bakal diajakeun di Djawa tengah, di Djawa wetan, di ....., kedah nganggo basa Malajoe bae, oelah nganggo roepi-roepi basa.

Kapoengkoer waktos oesoem Pastoer van Licht lezing di Betawi, perkawis basa Malajoe. sim koering ngabadja ningal, sim koering njerat dina serat kabar Hindia Baroe, njoehoenkeun soepados di sakola desa, di kelas III diadjar basa Malajoe.

Di sakola kelas II, diadjarna di kelas III, oelah sapertos ajeuna di kelas IV.

Di H. I. S. oelah diadjar roepi roepi basa, tjekap koe basa Walanda bae. Soepados toelen H. I. S. sami sareng sakola Walanda, oelah moeng samina teh dina kertas bae, dina boektina mah ngao.

Oepami bae masih dikoekoehan, kedah nganggo basana, sao didamel (vrij) vak bae, oelah dianggo voertaal, soepados kapajoen oelah aja Mulo Inlander.

Mulo mah Mulo bae, oelah diwoewoehan koe Inlander.

Moerid-moerid ti H. I S. kalebet baroedak palinter, engke oge tiasa basa Malajoe atanapi basana sorangan, teu kedah diadjar deui, kadjabi oepami bade djadi goeroe basa mah, atanapi pangarang mah.

Harita, salah sawios corr, ti Banten ngawaler kieu:

„Apa Bogor maoe mem - Belandakan Hindia?"

Kapajoen oepami parantos dongkap kana oegana, nembe .... ajeuna mah oedag heula roepi roepi elmoe anoe langkoeng ti mangpaat, kanggo ngoedag kamerdikaan.

Djaman ajeuna kedah ngaboedjeng anoe pang perloe-perloena bae, soepados enggal kaoedag anoe dimaksad.

Basa Soenda, koe oerang Soenda dipikanjaah pisan.

Basa Soenda, moal diitjalkeun. Bakal dimoemoele.

Namoeng, waktos-waktos ieu noe pangpangna teh basa Malajoe, noe pangperloena. Djadi pantes pisan eta basa anoe kedah dipentingkeun, anoe kedah dianggo koe oerang Soenda, Djawa ... alias oerang Indonesia.

Basa Malajoe djadi basa Indonesia

Basa Malajoe kedah dianggo dioenggal-oenggal raad.

M. Kartaatmadja.

## Arawas! Politiek djengkol!

(s. k. N. S. Courant)

Volksleiders: Dr. Soetomo. Mr. Singgih. Tjokro djeung A. Salim dicritiek.

S. k. de Nieuwe Soer. Courant geus noelis:

Dr. Soetomo teh hidji leider noe beunang dipertjaja, andjeunna lain neangan pikeun kaoentoenganana sorangan djeung hidji panoengtoen Intellectueelen Indonesia.

Mr. Singgih, Salim djeung Tjokro teu beunang digoegoe teuing! Mr. Singgih teh hidji non-coöperator saban - saban njieun patjektjokan anoe koesoet. Sakabeh karep pikeun neangan djalan digawe babarengan koe manehna ditolak. Sanadjan manehna geus netelakeun jen enja A. Salim teh hidji avonturier sarta toekang tipoe, tapi koe hal eta manehna geus mere tanda pikeun dirina sorangan, sabab manehna teh teu bisa netelakeun toedoehanana (panoedingna).

Hadji Salim teh hidji djelema anoe ngan neangan pikeun kaoentoenganana sorangan bae. Ajeuna manehna geus indit deui ka Mekkah reudjeung doritna djelema - djelema anoe babari pertjaja ka manehna.

Tjokro Aminoto memang ti bareto hidji leider anoe teu terang (gelap). Diangkatna kana lid Volksraad ngadjadikeun heran ka oerang rea, koe sabab eta koe bangsana sorangan Tjokro teh henteu dipertjaja .... Kaangkatanana ditolak, sanadjan manehna sorangan memang hajang kana eta pagawean anoe sakitoe moeljana, lamoen manehna ngingetkeun kana gadjihna anoe sakitoe gedena .....


### Boekoe-boekoe anoe parenting.

Kanggo ngasah sareng ngaloeboerkeun boedi:

Hadis Mi'radj K. Nabi (Hoofdpangbeeloe Bandoeng) . f 0,50
Hadis Patimah poetra K. Nabi ....... f 0.25
Sadjarah K. Nabi. . . f 0,30
Elmoe kasepoehan (sami sareng ngingoe kijai: . . . . f 0.75
Paririmbon sepoeh idem (R. Koesoemawinata) . . . . f 0,15

Kanggo landong ngabangbang areuj:

Hoedjan tjisotja . . . f 0,35
Regel talak ...... f 0 30
Eneng Jaja I en II ... f 0.60
Satria Toenggara . . . f 0,75
Moro Djoelang ..... f 0,35
Wasiat rama . . . . f 0,10

Nampi samskanten tjitakeun !!

Sadaja djabi ongkos ngintoen; iwal abonne Sipatahoenan, tiasa ongkos vrij (serat No. langganana).



9

Schoenmakerij en Kleermakerij

„Malah Mandar"

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.

Toedoeng Panama

| | |
|---|---|
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobia (pamoelasna) | f 0,25 |



### Wawatjan wajang Poerwa.

Koe margi ajeuna kantoen saeutik deui minangka njeepkeun pangaosna wawatjan wajang Poerwa ditoeroenkeun tina f 1,25 kana f 1,— nja eta soepados djilid ka I enggal seep sareng bade njitak deui djilid ka II.

Mangga saha noe bade ngadeudeul Schoolfonds „Pasoendan" Tasikmalaja sareng palaj oeninga lalakon wajang, kedah enggal pesen wawatjan „Wajang Poerwa" ka Bestuur sakola Pasoendan di Tasikmalaja.



### TEGELFABRIEK

# „NAJA"

Goenoenggaabeulah

TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.



# HINDIA MADJOE.

Itoe, jaitoe karena kepandaiannja pendoedoeknja. Inilah maksoed kami. Akan mentjapai maksoed ini, kami mengadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat beladjar **Behasa Belanda** dengan Cursus ditoelis tiap-tiap minggoe seboeah pengadjaran.

Kirimlah f 2,— dan dengan lekas kami moelai mengadjar.

**Behasa Belanda f 2,— seboelan**

**Het Algemeen Onderwsijs Bureau**

Naripan 90

BANDOENG.



### *Hatoer oeninga!*

Toko Soenda midamel babakan, tebihna ti Aloen Aloen Tasikmalaja, nganggo delman 3/4 djam, kareta mesin 1/2 djam, auto 1/4 djam, ma'nh ka telahna oge Babakan Soenda bae, ieu Babakan di damel tempat pikeun plesiran, goena kasenangan sareng sport, disajagikeun roepi-roepi kaamengan, di sitoe njondong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging dianggo sapamili, kakiatan 24 panoempang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging dianggo pelesiran. sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi katoeangan, sareng leueuteun, oepami anoe bade lebet, kedah majar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa, Noe njandak kareta mesin, di sajagikeun tempat moeng kedah meser nomer 2 1/2 cent, soepados oelah itjal sareng ngagampilkeun ka Pangoeroes.

**B. S. A.**



Nji djoeragan teu atjan oeninga kana boekoe **„Wajang Poerwa"** pangaosna f 1,— sareng boekoe **„Democratie"** pangaos f 0,12⁵ kaloearan Pasoendan Tasikmalaja. Oepami teu atjan enggal pesen.



### Meisjes Internaat „Soemoer-Bandoeng

Internaat pikeun moerangkalih istri anoe sarakola di Bandoeng.

Anoe djadi pangoeroesna hidji Directrice bangsa Europa.

Perdjagian dina sagala roepi, babakoena pangadjaran sakola, perjogi pisan.

Kostgeld f 30.— sasasih.

Oepami bade ngalebetkeun sae ngawartosan ka Secretarisna Rd. Saleh, Nangkalaan 23 Bandoeng.



# CONTROLEUR REGENTSCHAPSBEDRIJVEN.

Di Regentschaps Raad Tasikmalaja aja lowongan pagawean CONTROLEUR REGENTSCHAPSBEDRIJVEN, gadjihna saperti noe geus ditetepkeun dina B. B. L. 1925 Schaal B 9 Kolom IV.

Noe baris dipilih nja eta noe geus njaho tina perkara Locale Belastingen.

Rekesan dina zegel dibarengan koe diploma djeung certificat en adresna ka Kdj. Bopati Tasikmalaja samemehna tanggal 29 Juni 1927.





Ketoe Oedeng Makerij

# HALIM

West Paser straat 16 Bandoeng



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2 25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang énz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djonas enz.



### Toko Boekoe

# WEBER

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

**Boekoe-boekoe** pengadjaran **bahasa Belanda**

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . f 1,50
Walanda-Soenda 3 „ „ „ „ „ à . . f 0,75

**Curcus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda f 0,75**

Pikeun Cursus sareng Sekola kenging potongan 15%



# Peresenan paling alit f 1000. (sareboe roepia).

Oepami djoeragan ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pangaos f 2,50 bade dihatoeran djalan soepados djoeragan iasa nampi prijs roepi artos pang alitna f 1000.— (Sareboe roepia).

Wedalan Tjikiray noe sajagi keneh, moeng kantoen saeutik deui:

| | |
|---|---|
| Waw. Naraka-Doenja | f 0,40. |
| Tjarios Pegat-Toendangan | f 1,10 |
| Waw. Anglingdarma I | f 1,75. |
| Waw. Kiamat-Leutik | f 0,30. |
| Waw. Ardjoenawidjaja | f 1,—. |
| Hojong kagoengan garwa noe anom | f 0,50. |

*Hoermatna*

Boekhandel & Uitgeverij „TJIKIRAY"

Groote postweg 84 SOEKABOEMI

Pagaweanana ajeuna ngan njieun perdjalanan ngeutja ngatoehoe propaganda pikeun P. S. I. djeung njieun lezing atawa ngadegkeun vereeniging kieu tea, kitoe tea, noe ahirna sakabeh oge paraeh.

Matak heran katjida ajeuna manehna keur aja sarta njieun propaganda di Banten, noe tatjan sabaraha lilana di eta tempat djelema-djelema ngalalawan ka pamarentah. Di Menes tempat kadjadian pemberontakan anoe kaliwat bengisna, sarta dina waktoe ajeuna Landraad sedeng njieun papariksaan, tina perkara peroesoehan, manehna njieun propaganda pikeun P. S. I. Sakabeh anoe rek asoep lid P. S. I. koedoe disoempah.

Lamoen kitoe kalakoeanana leider-leider Indonesia, geus teu koedoe ditetelakeun deui ari kaajaan koutjo-kontjona mah.

Geus tangtoe leider - leider anoe tjara kitoe moal bisa tjotjog djeung maksoedna nagara.

Tah, sakitoe! awas! politiek djengkol, N. S. Courant!

Naha, naon sababna noe matak di seboet „politiek djengkol?"

Lamoen koe oerang rea, boh koe Nationalisten, boh koe P. S. I., eta politiek anoe tjara kitoe kataroeang (digaroegoe), matak baoe tjara anoe toeang djengkol sepi. Saena mah diarantep bae, sina ditoeang koe andjeun koe s. k. N. Soer. Courant sareng sakoutjoun, soegan nepi ka oetah oeger djengkoleun.

Sawios, mangga bae, Aden ....... Anoe saoerang djoeng-djoeng; anoe tiloean deui lelepkeun! Laaah aja saeee politiek djeo. mangga kol, soepados seueur botsing antawis leider-leider Marhaen?

Sok soemawonna djempolan-djempolan politiek, oeing oge, kana tipoe kasar kitoe kitoe mah ngarti. Tjing atoeh goegoeroe heula ka Nji Mala arek ngadoe-ngadoe mah.

Enggeus beunta! enggeus beunta! Marhaeners teh Aden ajeuna mah! Moal kagelo koe politiek djeo.

Hajoh padjar maneh Djoer. Mr. Singgih sareng Djoer. H Tjokro, kieu tea, kitoe tea. Lah naaa aja kahartos, matak watir deui ka s. k. N. Soer. Courant. Maksadna mah njoeloehan, saena bae soeloeh dadap, dadap oge dadap baseuh (pelepes).

Bet tetela oerang teh koe kaom itoe mah, ngan arek diadoe-adoe bae soepaja „oelah rapih".

Tah koe margi kitoe sim koering gadoeh panoehoen ka sadaja Indonesiers, soemawonna ka kokodjo-kokodjona, moegi kercsa rapih, roentoet-roekoen, enggoning noengtoen oerang rajat sarerea. Naon-naon anoe baris paketrok geuwat singkahan. Atoeh dina lebah aja anoe soelaja, henteu sami nja pamanggih, geuwat badamikeun leider paja leider, teu koedoe ditongton koe djelema rea; dimana geus salse kakara dioearkeun ka oerang rea. Lamoen aja sala saoerang anoe keukeuh peuteukeuh, mawa karep sorangan, soemawonna peta kitoena teh nepi ka matak roegi oerang sarerea, anoe kitoe mah sae tjeumpal bae koe daoen waroe.

Tah sakitoe batoer mah tjalaktjolokna teh, soepaja Leider Marhaen pasea djeung Leider Marhawi, soepaja teu rapih. Matak mandar toetoengkoesan ti itoe ti ieu mawoer, bisa kapoeloeng kaampihan. Engkena pikeun ngaringkoes, ngadalian Marhaen. Marhawi tea. Awas P. S. Iers. Nationalisten! oelah beunang diadoeadoe. Kaperloean oerang saroea!

**Pa Katjoeng.**

## Toelas-toelis.

Maksoed ieu djoedoel teh, lain toelas-toelis dina bangkarak, atawa kertas sosoehan saeutik-saeutik, tapi toelas-toelis noe aja hartina, pikeun goena sarerea. Djaman ajeuna, djaman achir, anoe diseboet toelas-toelis goena oemoem teh, nja eta noelis dina soerat kabar.

Martabatna soerat kabar priboemi alam katoekang katjida pisan handapna. nepi ka diseboetna oge sakapeung mah „soerat andar-andar" lantaran kalolobaanana noe dipake ngeusian bangsa persoonlijke zaken bae, tjarang langka ngagedekeun tina atoer-atoeran hiroep koemboeh, boemela ka lemah tjaina.

Ari noe djadi sabab aja doea perkara Saperkara pangarti oerang priboemi di sabehditoeeun taoen 1910, estoe harandap pisan oepama dibandingkeun djeung ajeuna mah, aja oge hidji doea anoe parantos nenggang ti babatoeranana, ngan ngoeroes sasaliraeun bae, Di radjeunna ketjewas-ketjewis tina bab politiek, teu weleh diintjer koe noe wadjib.

· Kadoea perkara, angger-anggeran tina bab kapolitikan dina waktoe harita katjida weritna. Estoe saketjap, satingkah saparipolah teh koedoe asak pisan diadjina, lantaran roeangan geus sadia salalawasna.

Ieu larangan koe ajana pergerakan balangorna noe ngarempak, teu woedoe beuki dieu beuki logor, teu tanget teuing wates wangeuna. Di ajana keneh kadali ranggah, teu hoeroeng ditoebroek koe noe geus parana mah. Toenggoel diparoed, tjatang diroempak teh saenjana.

**Aja samboenganana.**

## Wartos ti Administratie.

Soegri noe ngalih à robah adres njeratanana kedah ka **Administratie** Sipatahoenan Tasikmalaja, oelah ditoedjoelkeun ka djoeragan Redaktoer à noe sanes, matak ngadjadikeun lat.

# KABAR

(Tina s. k. Sanes)

Mr. Gondowinoto Voorzitter Landraad Oeloe Soengei noe liren bakal ngadegkeun kantor Advocaat di Bandjarmasin (B. T.)

—o—

Di Bandjarmasin rek ngadegkeun tjabang Indonesische studieclub. Loeloegoena keur menta katerangan keneh ka bestuur Studieclub di Soerabaja. (B. T.).

—o—

Setasion Bandoeng bakal digedean didjadikeun setasion model baroe. (B T.)

—o—

Poë Minggoe sanggeusna Lebaran Rajagoeng di Bandjarmasin, aja pesta ngarapihkeun kaoem koeno djeung kaoem moeda, lantaran geus lila hiroepna siga moemoesoehan. (B. T.)

—o—

Student di Technische Hoogeschool Bandoeng Ziedyk keur njaba di Semarang deukeut Kaligarung geus maot. Nepi ka ajeuna tatjan kapanggih sabab sababna. (I. C.).

--o

Poelisi djeung Joestisi di den Haag (Nederlan) geus nangkep pirang-pirang boekti nja eta boekoe-boekoe djeung soerat ti imahna leden Bestuur „Perhimpoenan Indonesia". Eta soerat-soerat aja noe djadi boekti jen eta pagoejoeban toedjoeanana saperti koeminis. Tina eta imah aja piano digolong ka loear. Didjerona dieusi boni.

Keur waktoe poelisi datang, panto henteu dinoekakeun. Toeloej koe poelisi dipaksa diboeka.

Tiloe lid Bestuur tjitjingna di Parijs Bestuur noe sedieu deui nja eta: Moehamad Hatta asal ti Padang President, Madjid, Aboetari, Darsono, djeung Soenario.

—o—

Opleidingsschool v. I. ambtenaren di Serang, djeung Blitar dileungitkeun sarta moeridna noe aja keneh dipindahkeun ka sakola opleiding di Bandoeng, Magelang, Madioen djeung Probolinggo.

Opleidingsschool v. I. ambtenaren (O. s. v. i. a) di Bandoeng, Magelang, Madioen djeung Probolinggo didjadikeun sakola Mulo noe engkena bisa njamboeng ka Osvia atoeran anjar.

Noe djadi Direktoer di Osvia. Bandoeng Toean A. C. Deenik Direktoer Normaalschool Poerwakarta, Osvia Madioen C. Noordenbos tas perlop ti Nederland, Osvia Probolinggo Mr. Visser leeraar Osvia Probolinggo. Osvia Magelang Mr. I Cassuto Leeraar Osvia Bandoeng (I. C.).

—o—

Boris Kweeda nonoman bangsa Roeslan geus ngabedil oetoesan nagara Roeslan di Warschau. (Polen) Ieu kadjadian ngalantarankeun papaseaan antara Polen djeung Soviet Roeslan.

Bori Kweeda ngabedil Voikow (ngaranna oetoesan nagara) tea, sabab keur waktoe Tsaar (Radja) Roeslan dina tahoen 1919 dipaehan, Voikow djadi President Provincie Jekaterinenburg. (P. P.).

—o—

Noe menta djadi moerid cursus controleur Post aja 500. Ari noe diarah ngan 40 nja eta kaloearan sakola Mulo.

—o—

Di Moskou aja sabaraha bangsa Roesl. noe dihoekoem drel, lantaran disangka djadi sepion oetoesan nagara Inggris.

—o—

Pei Chung Hsi protest ka Gongsol Inggris di Sjanghai lantaran mesin hiber Inggris geus hiber ngaliwat tanah Tiongkok. Oepama eta mesin hiber teroes manehna rek marentah soepaja eta mesin hiber dibedil koe balad Tiongkok.

—o—

Keur waktoe djinadjatna G. G van Heutz. di Amsterdam dikoerebkeun serdadoe-serdadoe oetoesan ti Hindia ngadjadjar pajoeneun Radja Wilhelmina.

—o—

Abdoelkarnen koeminis noe maehan di Nagrek koe Landraad Bandoeng dihoekoem gantoeng. Koe G. G. hoekoemanana dirobah djadi hoekoeman boei satoetoep oemoer.

—o—


**ADRES noe parentos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah 18

TASIKMALAJA.

Ngitjal roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**

3 **MAS.**



BOEKENVERZENDHUIS **L. A. LEZER** BANDOENG

**NEMBE WEDAL:**

CURSUS IN DE NEDERLANDSCHE TAAL voor de Soendaneezen (Cursus basa Walanda pikeun oerang Soenda)

Karangan

L. A. LEZER

djilid ka I.

Nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda noe gampil pisan, sae pikeun diadjar sorangan sareng anggoeun cursus atanapi sakola.

Pangaos f 075, franco di pos, anteken f 1 10. Rembours tambih deui f 0.25.

Cursus sareng sakola kenging korting 15% oepami ngagaleuh 15 boekoe atanapi langkoeng ti sakitoe.

TOEROEN PANGAOS.

Boekoe-boekoe pangadjaran WALANDA-SOENDA, anoe 3 djilid tea, nja eta *Leerboek, Voorbeeldenboek* sareng *Woordenboek*, ajeuna pangaosna disamikeun sareng noe kasebat di loehoer nja eta f 0.75 sadjilid atanapi f 2.26. tiloe djilid, djabi ti ongkos.

Doepi ongkosna eta 3 djilid franco di pos f 0.40. Rembours tambih deui f 0.25.



**TOKO**

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA.**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sajagi sagala roepi landong.

Landong sagala roepi kasawat.

Landong noe babar (sagala roepi kaperloean).

Landong noe tas disepitan.

Kaperloean perban-perban.

Barang-barang kaperloean salira (toiletartikelen).

Sagala roepi landong sajagi. Moendoet bae prijscourant engke dikintoen perdio.

Ajeuna parantos sajagi sagala roepi sesepeun, kaloearan Eropa sareng boeatan Negresco. Noe moerah noe awis sajagi Noe awis sajagi pak alit.

Soeroetoe sareng sigaret roepi-roepi.

Awas! Di Toko sajagi keneh tjelep sindjang raksoekan sareng sagala roepi barang. Boengkoes alit pangaos f 0,25 boengkoes ageung pangaos 40 cent.

Mangga soemping ka toko, ningalian sareng milih naon noe perloe.

Hoermatna

**NIC MULLER.**

N B. Si Chistiana parantos diitjal. Noe bade diitjal hidji roda paranti ngider ka pasar-pasar sae keur noe dagang batikan, margi koutjina pageuh. Dilebet nganggo rak anggoeun tempat barang.



**KLIROE SEKALI.**

Kaloe Toean-toean tida rata-rata toeroet goembira boeat mengadaken pesta besar, pada nanti hari Saptoe ddo 30 April 1927, waktoe peringetan hari lahir dan tjoekoep oesia 18 tahoen, poetri Juliana di Nederland.

Boeat menjataken kagoembiraanja orang-orang jang soeda dewasa dan anak-anak, tida ada lain djalan jang sampoerna, kita sengadja soeda kasi dateng roepa-roepa kembang api (vuurwerk) dari Fabriek Lauw Kang Boen di Batavia, jang soeda bebrapa kali dapet medali mas di pasar gambir, dan roepa-roepa petasan jang bagoes sreuta njaring swaranja.

Boeat toeroet menjataken goembira, boekan sadja kaoem soedagar, jang paling teroetama Toean-toean Meester sekola jang dapet subsidie dari Gouvernement dan Toean-toean Prijaji jang masi pegang dienst.

Dari sebab banjak jang bakal toeroet menjataken girang adaken pesta, kita harep Toean soeka lekas dateng di kita poenja toko, soepaja diblakang hari djangan sampe menjesel.

Memoedjiken dengen hormat

**YO TEK SENG.**



**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**

**Sajagi kareta Mesin** Merk **SIMPLEX** sareng Merk **Europa (England).**

Sajagi **Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, Goodrich** harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

**Tasikmalaja-Cheribon boelak balik**

Mios ti Tasikmalaja

(Paloeneun toko Beng).

1 djam ½6 endjing 2 djam 11 endjing

Mios ti Cheribon

1 djam ½6 endjing 2 djam ½12 beurang

Dongkap ka Cheribon

djam 10 siang 2 djam 4 sonten

Datang ka Tasik

djam 10 siang 2 djam 4 sonten.

**Tasikmalaja-Garoet boelak balik.**

Mios ti Tasikmalaja

Djam 7 endjing djam 1 siang (S. H. autobus)

Mios ti Garoet

Djam ½8 endjing (S. H. autobus) Djam ½2 siang.

**Tasikmalaja-Karangnoenggal boelak balik**

Mios ti Tasikmalaja

djam ½6 endjing djam ½10 siang djam 1 siang

Mios ti Karangnoenggal

djam 5 endjing djam 8 endjing djam 1 siang.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora roa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas aja anoe nganggo leter A. t/m Z. Monogram.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta.

Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe parantos mashoer kasaenana, sareng kakiatanana, merk Winsester, Evridi sareng tjap bintang, sajagi batrena, boglomna roepi-roepi oekoeran.

Sareng prantos sajagi, Windbuks (bedil angin) Merk B. S. A, Caliber 4½ m M sareng 5½ m M. sajagi sareng kogelna.

Sadjabi ti eta, roa roepi-roepi barang anoe marodel, Erlodji Sima anoe nganggo tjap kareta api, noe biasa sok diaranggo koe Personeelna S. S djalanna akoer pisan.

Sareng roepi-roepi eetservies noe sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi.

Lontjeng. Wesminster sareng Filter roepi-roepi oekoeran.



**Preanger Chemicalien Handel**

**Telefoon No. 76.**

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Bonciils, dan pekakas potret.



## Sareng Hoermat!

Sareng serat ijeu djisim koering **Hadji ABIMOEGNI AL-CHATAMI** Goerce ngadji Sekola Agama Islam aja di katjamatan Taikolot, district Tjiawi, Afdeeling Tasikmalaja.

Oeudjoek oeninga rehna dina sasih ieu Hapit ping 15 taoen 1927, ngamimitian moeroek Sakola ngadji Agama Islam, anoe dingaranan Sakola „ASSOER'AH" hartosna Sakola anoe langkoeng enggal, ditanggel tiasa ngadji dilebet sataoen, sareng ditanggel tiasa moeroek margi ijeu pangadjaran kenging metik ti Nagri MEKKAH waktos djisim koering ngadji di Mekkah, ditanggel njekapan pikeun moeroek bagbagan ibadadah noe bangsa perdoe'aen, doepi pamajaranana dina 1 sasih 1 moerid f 0,50. Ari atoeranana sakoemaha noe kasebat di handap ijeu.

1. Di tarima moerid noe oemoerna 12 taoen kaloehoer, noe henteu keur Sakola Desa atawa sanes' sakola.
2. Noe bade diadjarkeun: 1. Elmoe Pakih, 2 elmoe Oesoel, 3 elmoe Nahwoe.
3. Noe tiloe roepi elmoe di adjar dina kitabna sarta di logatan koe logat Djawa, teras disoendakeun sakali disaksian koe elmoe Nahwoe, di tanggel akoer sareng baladjaran noe galib di Pasantren Pasantren. doepi kitab noe kedah disadiakeun koe Moerid-Moerid 1. Kitab Sapinah. 2. Ibrohim Badjoeri, 3. Adjroemiah.
4. Doepi waktosna ngadjar ngadji kawit ti taboeh 7 doegi kataboeh 1 siang diadjar saban dinten kadjabi ti dinten Ahad, sareng malem Djoem'ah diadjar lagoe-lagoe Arab, lagoe Mesir goena pikeun ngadji Qoer'an atawa ngadji Bardjandji.
5. Oepami Moerid anoe parantos sataoen hojong ngadji kitab noe arageung sapertos: Pathoel wahab, Toehpah, Mihajah, Alpiah, Djam'oel djawame, Djohara maknoen, Mantek, sareng lintang ti eta, eta koe djisim koering ditampi sarta vrij henteu nganggo pamajaran deui asal noe kaloearan moerid ti djisim koering bae, sarta goeroena disadiakeun dina tempat pangadjaran.
6. Nampi moerid saban sasih ngetangna sataboen ti waktoe dongkapna moerid.

Lampiran SIPATAHOENAN

# LANGLAJANG DOMAS.

Panglajang Pagoejoeban „PASOENDAN"

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

**Karangan** adres ka Redactie R. O. SOEBRATA Bidara Tjina No. 7 MEESTER CORNELIS.

L'd-lid Red. SOERIADIRADJA, R. MOEHAMAD ENOCH, SOETISNA SENDJAJA, B. SOERA'ATMADJA.

## Perobahan.

Berhoeboeng dengan roepa-roepa kepentingan, terpaksa kita haroes memboeat sedikit perobahan, agar soepaja organisatie Pasoendan bertambah koeat dan tegoeh keadaannja. Maka oleh karena itoe, mazallah „Somah-Moerba jang hanja terbit setoelan sekali, terpaksa poela dengan sepenoeh-penoeh kekoeatan kita di terbitkan seminggoe sekali.

Moelai dari ini hari mazallah kita tiada memakai nama „Somah-Moerba" lagi akan tetapi diganti dengan „Langlajang Domas," adapoen tentang perobahan nama ini, sesoenggoehnja ada membawa dan mempoenjai arti jang dalam sekali, sehingga tiada moedah diterangkan dengan 4—5 patah perkataan. Maka barang siapa jang mengatahoei benar-benar tentang riwajat tanah „Pasoendan" nistjaja mengertilah ia. akan erti kata „Langlajang-Domas" itoe.

Berhoeboeng dengan adanja perobahan dari pada maandblad kepada weekblad, terpaksa poela kita haroes mengadakan perobahan redactieledennja.

Adapoen kepada sekalian toean toean jang telah soeka mengirimkan karangan kepada „Somah-Moerba" diminta dengen hormat soepaja lebih radjin lagi mengirimkan karangan kepada „Langlajang-Domas" ini, sebab meskipoen ada berlainan nama, atau berlainan roepa, akan tetapi tentang bathin dan toedjoeannja boleh dikata samasekali tiada berobah.

Demikian djoega kepada toean-toean langganan „Somah-Moerba" diharep dengan hormat soepaja soeka meneroeskan langganannja kepada „Langlajang-Domas" ini. Adapoen kepada toean toean Redacteur dari lain-lain soerat kabar jang selaloe mengirimkan ruilnummernja kepada mazallah „Somah-Moerba," dengan adanja perobahan ini, diminta dengen hormat serta sanget. soepaja perhoeboengan kita (kirim mengirim) tiada dipoetoeskan, moedah-moedahan kemoedian hari kita dapat kerdja bersama-sama bagi kepentingan kita bersama.

Moedah-moedahan Toehan jang mengoesai 'alam ini, memperlindoengi kepada kita, sehingga barang apa jang ditjita-tjitakan oleh anak Indonesia dapat tertjapai, kita tiada akan berpoetoes pengharepan dan menanti-nantikan apa jang dateng kepada kita, akan tetapi kita mempoenjai kewadjiban akan berichtiar dengan sepenoeh-penoeh kekoeatan kita. Sesoenggoehnja segala kekoeatan kita itoe ada tergantoeng kepada kesetiaan dan ketjakepan anak Indonesia sendiri serta bernaoeng dibawah organisatienja.

Wassalam,

Ex. Redacteur „Somah-Moerba"

**Bakrie Soeraatmadja.**

## Goemelar deui.

Adat adatna orgaan pagoejoeban oerang ari ditenget tengetkeun bet kawas noe boga kapertjajaan kana elmoe: mana mani . . . manitis. Geura bae tjoektjroek: Papaes Nonoman . . . . . Sora Pasoendan . . . . . Somah Moerba . . . . Langlajang Domas.

Geus kaopat kalina incarnatie (nitis). Tapi kamadjoeanana atjan sabaraha, djaoeh tangeh keneh kana sampoerna. Waktoena mah beak koe dipake oendoer toekang, noeroet langkah noe ngajoega. Tina boelanan naek kana minggoean.

Ti dinja les leungit tanpa lebih, ilang tanpa karana, da pagoejoebanana mah ngan kari ngaranna woengkoel. Pagoejoeban hoedang, panglajangna miloe hoedang.

Kaperloeanana orgaan geus teu koedoe pandjang ditjarita. Sarerea ge pada terang. Koe naon hiroepna, ti mana hiroepna . . . oge teu koedoe didalangkeun deui. Tapi naha naon atoeh sababna noe matak pohara-pohara teuing tiktikbrekna?

Poegoeh, koe kitoe tea mah, pagoejoeban batoer oge teu beda ti oerang, sipat-sipat papada noe bangsa priboemi mah. Tapi naha teu hajang naek kelas?

Eungkeut-eungkeut tina boelanan ajeuna oerang kaget rek djadi minggoean. Malah boekti ajeuna mitembojan.

Tapi hate keukeuh teu weleh od-ad, teu weleh mangmang, ngan risi djeung inggis bae, sieun tjara loeang ka toekang, sok soeak seak, henteu langgeng, henteu majeng.

Ari noe djadi babakoena di oerang sok ngan resep **tjarita woengkoel.** Kahajang boga, maksoed loba, tapi tina oeteuk toeroena biasana tara leuwih djaoeh tina biwir. Ngangkang ngantjik dina theorie, prakna koemaha noe lian.

Sipat oerang masih keneh resep ngantep, mertjajakeun ka deungeun, salawasna meal aja kaboeboeatan. Tara aja noe madjoe koe indolentie (leleda, sangeukan, bosenan).

Sanadjan teu paeh poso, ari babarengan mah pirakoe euweuh talna. Teu sadjam sapoe njokot pikeun kaperloean pagoejoeban, atoeh saminggoe sadjam; saminggoe teu bisa keneh, saboelan soegan. Asal oelah pot teuing bae. Teu koe gawe, koe djalan sedjen atoeh. Oelah resep menta, resep nitah bae.

Poegoeh gampang pisan: Hoofdbestuur hajoh kainjah ngaloearkeun orgaan!

Punt. Djep leeeees. . . . .

Teu diingetkeun koedoe aja doeitna keur waragadna, koedoe aja djelemana noe migawena. Enja Hoofdbestuur mana daek djadi bestuur oge . . . . tanda daek djadi pangoeroes. Tapi koedoe diingetkeun djaba ti kaperloean pagoejoeban aja deui noe koedoe diingetkeun, nja eta kaperloean dirina.

Ari menta mah dibelaan koe telegram: mana Langlajang Domas? Tapi doeitna keur ngaloearkeunana teu ngirim. Tah oelah nepi ka kitoe.

Disoehoenkeun ka tjabang-tjabang soepaja netetepan kawadjibanana, sangkan aja Hoofdbestuur bisa ngadjalankeun noe diwadjibkeun koe Tjabang.

Ieu orgaan ditjoba-tjoba saboelan heula. Ongkosna ditanggoeng koe Hoofdbestuur, tjabang Tasik djeung Garoet.

Sateroesna mangga njanggakeun ka sadajana.

Aloesna pisan djaba ti majeng keur waragadna teh djeung keur eusina deui Saboetoehna salah sahidji ti noe tiloe: harta, . . . . , harti, tanaga.

Waktoe geus sakieu harenghengna, oepama oerang teu taki-taki, lapoer moal kabagean alas. Kilangbara medah medoeh teh. atoeh sedeng-sedeng. Pangaroeh oerang koedoe nambahan. Volksraad tambah elidna, Pasoendan oelah tinggaleun ngembohan. Ajeuna alam pareboet.

Moen teu tjingtjeng ngegel tjoeroek.

Bangsa noe teu ajagoeam, teu boga arep-arepeun. . . . . .

Moedah-moedahan **bationa Langlajang Domas**, bisa kareboet kapimilik koe Pasoendan.

**Soet. Sen.**

## Basana djeung eusina Panglajang.

Dina **Langlajang Domas** bisa saperti dina **Somah Moerba**, karangan karangan ditoelis dina tiloe basa: Soenda, Malajoe, Walanda.

Ari eusina tangtoe moal bisa saperti dina Sipatahoenan, roepa-roepa pakabaran noe kadjadian sapopoé. Nomer hidji tangtoe hal kaajaan pagoejoeban, Verslag pasamoan-pasamoan; boh pasamoan H. B. boh bistir tjabang, boh tjabang. Kitoe deui biantara-biantara. Kabeh verslag koedoe dikirimkeun ka redaksi. Nomer doeana roepa-roepa atoeran nagara noe perloe dikanjahokeun koe djelema rea. Nambang roepa-roepa atoeran, ditjotjogkeun djeung pamanggih oerang, djeung kahajang oerang.

Mangga!

## Biantara Djoeragan O. K. Soebrata.

Voorzitter H. B. Pasoendan.

Para Djoeragan sadaja!

Sakalintang ngadjadikeun kabingahan ka djisim koering, malah karaos djadi kasoegemaan, wireh djisim koering tinekenan tiasa moeka ieu propaganda vergadering Pasoendan anoe moenggaran di dieu di kota Koeningan.

Katoemarimaan Hoofd Bestuur kana pamakihikeunana sareng kana pangdjeudjeuhkeunana noe djadi pangoeroes Tjabang Pasoendan Koeningan, doegi ka laksana ajeuna ieu oerang tiasa moeka pasamoan, parantos teu aja wates wangenna, sesah digambarkeunana dina lisan, da boektina moeng saoekoer koe ketjap „noehoen" ari kedalna mah.

Nja kitoe deui ieu sadaja para Djoeragan anoe sami kersa saroemping ngaloeoehan ieu pasamoan, teu kirang kirang, malah sanget, ngadjadikeun kareugreugan kana atina djadi H. B Pasoendan, doegi ka teu aja piketjapeunana pikeun netelakeun kaboengah anoe sakieu ngoedag ngoedagna dina hak noe dikandoeng koe H. B. kadjabi ti koe noe tadi tea bae, koe „noehoen, sewoe noehoen ka sadajana.

Atoeh ari ka tamoe anoe tarebih mah, sapertos ka para Djoeragan anoe ti Garoet, anoe ti Tasik, sareng ti Tjiamis geus komo deui, langkoeng ti wadjib H. B. njanggakeun sewoe noehoen teh, reh parantos ngadeudeul koe pangrodjong anoe sakieu matak reugreug pageuhna.

Sakali deui pioendjoek H. B. Pasoendan, koem ka sadajana teu diwidji-widji: „Oendjoek sewoe noehoen!"

Para Djoeragan sadaja!

Wireh parantos kaloeangan dina vergadering di Tasik, aja anoe soelaja paham, doegi ka matak ngadjadikeun salah sangka, ieu ajeuna biantara djisim koering diserat sadajana, satjeplakna, soepados poegoeh ringkoekna njata landjaranana; nja eta bok bilih pasalingsingan deui harti, aja deui anoe lepat ngalarapkeunana paham kana samoekawis anoe djadi maksoed biantara djisim koering, ngaler ngidoel pimaksoedeunana.

Malah kadjabi ti bilih kitoe teh, emoetan sim koering langkoeng oetami, biantara dibaroeng koe aja boektina dina seratan teh, margi ieu lisan kedalna ati anoe digambarkeun koe basa teh, tiasa kasaksi deui koe harti, katalingakeun heula koe kasiatna kal. Taja sanes ngan ngomah-ngomahan soelaja paham tea; geuning sering naker aja noe njarios dina kempelan dilirenkeun koe poelisi, noe ahirna sok matak djadi patjektjokan pasalingsingan, tjeuk ieu kieu tjeuk itoe kitoe, pada pada mawa pahamna beunang newak saliwat tea. Tah, oepami djirim mah. taja panginten kana kitoe baloekarna teh.

Ari kawoewoeh-woewoeh, Djoeragan-djoeragan, apan ajeuna mah oerang teh keur nintjak dina alam anjar, alam hiroep tjoemarita. koematjatjang dina djaman sawawa, geus ngalangkoeng oesoem mesoem noe kapoengkoer, nja eta ajeuna mah oerang teh ngadeg dina oesaha etang-etang, hiroep kakoeroeng koe tangtoeng, pada njanggu boeah lisanna pribadi, ngala oesahana sorangan; doegi ka djelema teh kedah ngarasa boga beurat ladang lisan djeung tanaga salirana koe andjeun, teu aja geusanna ngandelkeun noe lian.

Dina palebah dieu, satoetasna djisim koering njarioskeun oesaha sareng tanggoengan salira anoe bieu tea, Djoeragan-djoeragan! maksa medal rasa **kamegahan**, kamegahan pedah boengah, sanes dir ieu aing, reh djisim koering tiasa mintonkeun Pag: Pasoendan djadi tjontona, Pagoejoeban Pasoendan parantos tiasa oge njoemponan kana papantjen hiroepna, nintjak roekoen hiroep koemboeh (maatschappij), njangbareupna kana bagbagan nagara ka Pamarentah (Staat, Regeering), sakoemaha anoe tadi disebat di loehoer tea, merenah ninggang di enja, pantes kaom Pasoendan mah rek gede hate teh.

Geuning, Djoeragan-djoeragan, serat-serat kabar Eropa mah, sering naker aja pamoendoetna, aja pangingkilikanana, soepaja oerang teh bangsa priboemi (Inlander) koedoe boga verantwoordelijkheidsgevoel, tjenah.

Djoeragan-djoeragan!

Nadjan teu aja panjolok ti ditoe oge, kapan oerang teh boga anoe enja tea deui, kana eta verantwoordelijkheidsgevoel teh, da oerang sarerea pada ngarasa pada terang, jen eta verantwoordelijkheidsgevoel teh hidji pakarang djeung bahan geusan ngadjoengdjoengkeun harkat martabat salira katoet ka tanaga-tanagana dina enggoning oerang hiroep koemboeh. Malah dina emoetan sim koering mah menggah di bangsa oerang, oerang Wetan, eta rasa anoe bieu teh djeung kandelna djeung lemesna ti baheula deui teu kawon koe oerang koelon; ngan ajeuna mangga eta rasa pakarang bangsa teh oerang peelasara, oerang raksa, soepaja tambah mekar tambah djembar.

Djoeraggan-djoeragan!

Wireh bieu djisim koering parantos kop kana perkawis verantwoordelijkheidsgevoel tea, mangga ajeuna ieu bae heula oerang roetjat, oerang pedar.

1. Sadaja djelema, pada njangga beubeurat salira, pada katibanan papait diri pribadi, anoe tjeuk basa Walanda, verantwoordelijk tegenover zich zelven tea. Djadi samoekawis wedalan manah sareng satingkah sapari polah, kantenan pisan kedah disaring koe ati, diolah heula koe akal, margi ana siloeng teu narimbang kana ilat-ilat galih, teu ninggang kana panjawang manah mah, atoeh baloekarna kana moebah, kabawa sakaba kaba tea.

2. Mantjatna tina eta, atoeh sadaja djelema oge apan pada njangga beubeurat roemah tangga, loentana di oerang mah ka koela-warga deui tambihna ti oerang Eropa anoe di oerang mah djadi tanggoengan tea deui.

Kantenan rea djelema anoe medalna eta rasa ngan dina mangsaha kataradjang bantjang-pakewoeh, atawa katalangsara, teu aja dina moeljana mah, moesna koe perbawa doenja.

3. Saoendakna tina rasa ka doea, ana mantjat kana rasa wadjibing manoesa, njangga beubeurat papada kaoela, anoe geus djadi papantjen djelema anoe teu katoengkoel koe toekoeh, leupas tina koeroeng-batok.

Ieu anoe tiloe kawadjiban, sajaktosna mah ngahidji teu misah, da patali-tali toenggal saasal, nepi ka teu meunang poet pot, tinggal sawareh.

Geusan moekakeun lawang rasa sangkan bras kana anoe dikandoeng koe maksoed anoe tiloe tadi tea, eta tarekahna aja dina pamaksoedan sareng dina oesahana pagoejoeban Pasoendan. Koe margi eta, oepami oerang parantos ngaraos, jen kagoengan kawadjiban anoe tadi, manawi oepami djisim koering toemaros teh, ka sadaja para Djoeragan anoe lalinggih dina ieu pasamoan, moal kaetang lepat; nja eta naroskeun:

„Ari salira djoeragan, parantos aja dina salah sawios kalang pakoempoelan, djadi nohonan roekoen noe tiloe tadi tea?

Oepami teu atjan, . . . . na bade ngantosan naon atoeh?

Sareng sadjabina ti eta, bade toemaros deui: Naha parantos aroeninga jen Pag. Pasoendan, ngandoeng karep geusan njoemponan eta kawadjiban?

Naha oeninga kana oedagan Pasoendan bade ngamoemoele ngaenja enja ngamadjoekeu (behartigen) cultuur Soenda, ekonomi bangsa Soenda, sareng ngeedag kana ngadegna moelja bangsa dina bagbagan

nagara?

Oepami teu atjan, tah ajeuna dioendjoekkeun, kitoe karepna Pasoendan teh, kitoe ringkesna toedjoeanana!

Oepami sapoek sareng kanojong, atoeh mangga oerang koemboeh dina Pasoendan!

Mangga geura lebet lid Pasoendan, soepados tiasa nohonan kawadjiban hiroep nekanan djangdji algemeen belang tea. Mangkaning kapan dina algemeen belang teh. nembres kaperloean salira koe andjeun, (Uw bijzonder belang!)

Koe lantaran koemboehna panemoe, djoengdjoeng djinoengdjoeng paheujeuk patjekel leungeun, kantenan pisan djadi pangwoewoeh kana kareugreuganana pakempelan Pasoendan, . . . . hartosna. . . . ngawoewoehan tanaga kamoeljaan goena goena salira koe andjeun.

Pasoendan madjoe . . . . . . Soenda noe nampa moeljana, , . . . nja para Djoeragan deui anoe nampa goenana.

Djoeragan djoeragan! Wireh bieu sababaraha kali parantos njebatkeun perkawis „**hiroep koemboeh**" anoe tjeuk pertegesna Maatschappij tea, manawi ajeuna sae oge oepami oerang ladjeng ngababarkeun ieu bagbagan hiroep koemboeh tea, koemaha roekoen-roekoenna anoe patali sareng poelitik djaman kiwari kitoe oge moeng noe katimbang perloe bae woengkoel.

Dina pokna oerang ngedalkeun atanapi ngeunteupkeun toemerapna eta kalimah Hiroep koemboeh, kapan biasa naker lenggok bae pikiran teh kana pamaretahan nagara; malah tampolana mah aja anoe ngaho-roen soeloehkeun bae, madjar hiroep koemboeh teh nagara tjenah; atawa sawangsoelna ngahartian nagara pahili djeung hiroep koemboeh **tea, staat paseloek sareng Maatschappij.**

Ari koe kitoe tea mah atoeh nja pantes bae, da poegoeh eta anoe doea roepa teh sambat-sinambatan, djoengdjoeng-djinoengdjoeng, ngan . . . . mangka atos-atos dina ngarandjingkeunana, nja eta bilih pahili harti, margi ngadegna nagara (staat) koe hiroep koemboeh, dina hiroep koemboeh; ari geus djadina: siga hiroep koemboeh dina kanagaraan (staat). Koe margi eta kedah tetep nekelan papagon asal jen: nagara, goena atawa pikeun kaperloean Hiroep koemboeh, sanes . . . . . . hiroep koemboeh anoe pikeun djadi goena nagara, (de staat is voor de matschappij, en niet de maatschapij voor den staat)

Koe margi tadi parantos aja basa **hiroep-koemboeh**, sareng bieu aja nagara (staat) tea deui, tah ajeuna oerang papaj, koemaha patalina **salira** sareng eta anoe doea roepa tea.

Naon ari anoe disebat **Maatschappij** atawa hiroep koemboeh teh?

Ieu perkawis, koe margi bilih tjarios djisim koering pandjang teuing, njimpang tina anoe djadi djedjer, sareng bilih matak ngadjadikeun bosen ari menggah ka para Djoeragan mah, koe djisim koering moal dibedjer-beaskeun moal ditetek samoekawis oenak-anikna, moeng bade didjodjoan anoe perloena bae, nja eta kapan di oerang mah:

Aja hiroep - koemboeh kapriboemian.
„ „ „ kaeropaan.
„ „ „ pakoemboehan.
„ „ „ kanagaraan, di.s.t.

Eta oenggal-oenggal golongan anoe bieu sajaktosna djawadah toetoeng biritna, satjarana satjarana, saadjangna saadjangna, pada boga wet sorangan, pada boga papagon sorangan, pada boga hade boga goreng boga salah boga bener, pada-pada dina sakalangna-sakalangna.

Ari ngadegna oepami diringkeskeun mah, nja eta dina **bangsa** tea, dina kabangsaan, sakabangsaan-sakabangsaanana.

Doegi ka sadaja djelema oge kabeungkeut, kaoeger koe saniskanten roekoen hiroep-koemboeh mah, teu aja sajaktosna merdiká sadjalantrahna sakama-kama mah.

Nanging nadjan kitoe, nja eta nadjan bieu sanggem djisim koering kaoeger tea. ari sakalieun tina kalangna tea mah nja bisa keneh bae oerang teh molos, mentjilkeun maneh. Geuning Robinson Crusoë bisa ngalaman hiroep njorangan di poelo kosong, misah tina hiroep-koemboeh; atoeh ajeuna, eta sakoer anoe disingkoerkeun ka Digoel, apan leupas tina hiroep-koemboeh oerang, misah ti djalma noe rea.

Nanging ari tina **nagara** mah, oerang teh teu bisa leupas, kakoeroeng koe hoekoem, saoemoer-oemoer, katalian koe nagara salalawasna. Rek njingkah-njingkah ka mana, rek loenta-loenta koemaha, da doenja heus djadi nagara. Nadjan mentjil di poelo kosong, ari tina kalang nagara mah henteu bisa kaloear. Noe mawi geuning dina Sip. disebatkeun: nadjan noekang ka poelitik, ari poelitik mah angger ngoeroengan ka oerang.

Bieu sanggem djisim koering. oerang hiroep teh, nja ieu **salira koe andjeun**, kakoeroeng koe hoekoem hiroep-koemboeh, toer eta ngadegna nja koe koemboehna oerang. Tah di dieu oge geus djadi saksi djadi boekti, jen lapad anoe oengelna: Kaperloean oemoem ngoeroeng goena salira koe andjeun. (In het algemeen belang ligt immers Uw eigen belang), merenah pisan dina tempatna.

Soepados langkoeng atra katingalina, geura ieu sim koering bade mintonkeun kasaoeranana toean Dr. P. H. Ritter, dina boekoena anoe alamatna: „Ethische Fragmenten

Kieu oengelna moen dina Soenda mah:

„Ilahar sok pada njempad, misah ti anoe rea mah, oendoer tina hiroep koemboeh. Malah mahiwal ti anoe lian, henteu loejoe dina oemoem, dibasaan koemaloengkoeng, koemagoengan ieu aing; mintjoelak pelakna tea teu karasa matak tepa ka sasama. Da moenggoeh loejoena hiroep, koedoe kakoeroeng koe oemoem, sabiloeloengan djeung koepoe, lampah aja di sasama, sangkan salira teu ngarasoela!"

Atoeh kantenan bae, oerang teh apan aja dina kalang, hiroep pabaoer djeung batoer, koematjatjang teu pisah ti papada kaoela, silih kirim silih bere, silih soeroeng silih djoengdjoeng, oesaha oerang ngoeroeng batoer, ti batoer datang ka oerang, anoe tani keur noe dagang, anoe dagang keur noe tani, anoe pangkat keur somahan, somahan eukeur pangkatna, dibasaan sambat-sinambatan tea. Ngan lantaran teu dipirosea, nepi ka lila henteu karasa, maroekan noenggelis kari salira.

Djadi oerang teh atoeh oesaha koedoe bareng oesaha, loemakoe bareng loemakoe, geuning koe alam geus ditjontoan, taja hidji anoe katinggaleun peuting, teu aja saoerang kaboler beurang, da nja eta ari boealna mah goena sarerea tea.

Djoeragan-Djoeragan! Manawi di antawis bangsa oerang, oerang Soenda, anoe biasa ngarendahkeun salira tea, manawi bae aja oge anoe sasaoeran kieu: „Atoeh, da koering mah roemasa rea katoena, tanaga henteu sapira, taja pigoenaeunana, waroega batan sakieu, ngabantoe meureun ngawagoe, rek noeloeng meureun nalapoeng!"

Tah ka noe sasaoeran kitoe, djisim koering tiasa njanggakeun bongbolongan, jen koe kersa tjalik dina Pasoendan, sajaktosna parantos ngaloearkeun tanaga anoe aja hargana. Nja ieu, Pasoendan pakoempoelan sareng Pakoemboehanana oerang Soenda teh, anoe keur oesaha goena oemoem, ihtiar neangan kamadjoean sareng kasalametanana Soenda.

Geusan ngoedag kasalametan sareng kamoeljaan Soenda roepi-roepi djalanna. Malah baheula mah apan make aja djalan mandita djadi toekang tatapa, diilaharkeun djadi oesaha deui.

Nanging menggah dina djaman ajeuna mah tatapana teh benten deui sareng alam pawajangan, da kiwari mah biasa tapa brata tea, geura tingali M. Gandhi, R. Tagore, bet sanes mentjil misahkeun maneh di leuweung geuning, nanging anggoer woewoeh djodjoh tambah motekar, golong sagoeloeng sagalang nepi ka djadi lalanang djagat lalaki langit teh saenjana, ninggang sesebred nji ronggeng: **tari kolot bodjong kaso babakan rea bajamna.** Nanging poma ieu sesebred oelah dieunteupkeun kana karoetjahan

Ieu teh pirang-pirang deui tjontona, anoe pikeun djadi babandingan bagawan baheula.

Menggah anoe bojong ngaheuang-ngahening njalira tea, teu mirosea kana oesahana noe lian moengkoer tina pangaboetoehna hiroep koemboeh, minangka mandita misah ti doenja, kantenan pisan **raos teh teuing**, toemaninah djeung ngeunahna, asa sakama kama ngoembar pangadjak manah, da katoengkoel koe toekoeh koe pangdjoeroeng kalboe salira koe andjeun, njoektjroek-njoektjroek Tjihaliwoeng ngoengsi djatining goesti madjar teh, nepi ka lat bae lali kana papantjen gelar di doenja, taja boedi roemasa kana koemaleudang di kieuna kahoetangan koe ajeuna.

Malah aja mamalana deui eta anoe katoengkoel koe kitoe teh, ana njasab sok mahiwal, djoetjoengna mah tampolana nja kana owah tea.

Ana parantos kitoe mah sesah dionggetonggetna, ari boektina ajeuna ngan djadi beungbeurat, beda deui djeung baheula.

Senangna sareng toemaninahna mah, jaktos ngabagawan kitoe teh toer moal aja noe njisi-koedi, woengkoel kagoegoesoer batoer, nadjan loemampahna teu napak lemah oge.

Oepami koe oerang ditilik mangka leleb, engke njata jen simanahoreng teu salah deui:

hiroep-koemboeh anoe ngadjoedjoeng harkat salira,
„ „ „ ngadatangkeun kakajaan-
„ „ „ ngaloengsoerkeun elmoe,
„ „ „ ngagolangkeun akal,

dj. s. t. toer ieu sadaja brona teh ka oerang, anoe djadi anggotana hiroep-koemboeh tea. Geura bae tingali soegri anoe teu tabah di kasistna hiroep-koemboeh baloekarna djadi bangsa anoe: harkat handap, banda koerang (teu boga milioenir), elmoe toena, akal poegag, dj. s. t

Ari itoe hiroep-koemboeh bisana ngadeg dina tahapan loehoer, taja lian ngan oerang anoe djadi anggotana koedoe njembadaan bisa djadi bahanna. miloe ngabajoean koe harkat djeung harti, anoe dikandoeng dina . . . karep, karep anoe djoedjoer, maksoed anoe moeloes.

Djoeragan-djoeragan! Naon ajeuna karep atawa angen-angen oerang, anoe rek dilakoekeun dina geus ngadegna hiroep-koemboeh teh?

Ieu pidjawabeunana ringkes bae, nja eta: nohonan wadjibing manoesa, papantjen lakoening hiroep. Koe ieu kalimah sajaktosna parantos kakoeroeng teu kedah dipentjar deui. da nja eta sakoemaha anoe parantos kapioendjoek tadi, jen oerang teh koe hiroep-koemboeh pada kahoetangan,

kahoetangan boedi,
„ kadjembaran akal,
„ pangaboga,
„ pangraksa katoet ka pangdjoengdjoengna, sareng saladjengna,

tangtos karaos sareng katingali oepami diasar dimanah-manah mah. Djadi atoeh oerang oge tetela koedoe boga boedi roemasa, koedoe boga pamoelang tarima ka itoe anoe geus moekproek koe kahadean ka oerang, nja eta Sang Hiroep koemboeh tea.

Naon pamoelang tarima oerang?

Taja lian ngan oerang koedoe ngagoenakeun anoe geus digadoehkeun ka oerang tea, pikeun kana kaperloeanana, nja eta boedi, akal. kasalametan dj. s. t. oelah ngan dikeukeuweuk bae, tapi koedoe djadi bahan pangraksa pamoelasara ka sarerea.

Saha-saha anoe henteu nohonan kawadjibanana, dina njanghareupna kana hiroep-koemboeh, nadjan teu aja hoekoemanana ti nagara, tetela geus tjidra toer ngahahangoe hakna hiroep-koemboeh tea, . . . sarta beunang dihartian ngamonjah-monjah hakna sareng kagoenganana koe andjeun.

Nanging dina emoetan djisim koering sageuj doegi ka teu timboel emoetan kana kawadjiban salira ka hiroep-koemboeh, soegri anoe parantos sawawa mah margi kapan sok moen nempo bae, ngalanglang sakedap ka djero hiroep koemboeh oerang, tangtos bakal katingali jen di dinja tea pangaboetoehna, rea kaperloeanana, sareng rea deui anoe geus karandapan lara bagdjana pait peubeurna noe geus kaloeangan koe anggota-anggotana noe rea tea.

Malah oepami awas mah tangtos pisan bakal katingali, jen anggotana eta hiroep-koemboeh teh bareboe-reboe anoe aja dina kasangsaraan. dina katoegenahan, dina kabondoan, dina kalaraan.

Ari asal-asalna sareng marga lantaranana mah pang kitoe, keun heulaanan. da rek nempoehkeun atoeh nempoehkeun ka saha, neumbleuhkeun atoeh neumbleuhkeun ka saha, bisi mapaj ka poehoe-leungeun, tamimiang meulit ka bitis, toeroeg-toeroeg koe rewel kitoe teh moal matak ngoerangan moal matak moesna, koeriak nambahan katoegenahan; Ngan mangga ajeuna mah oerang oesaha geusan nambaan, ngoebaran anoe karasa teu ngeunah tea, noendoeng noe djadi kabingoeng.

Anoe teu **kersa bareng ibtiar**, eta mah sami sareng toekang ngoekoet ngoeloewoet, miara kasangsaraan, betah di geusan lara. harianeun ka noe lian.

Kantenan pisan atoeh Djoeragan-djoeragan, Pasoendan oge moal tiasa bro-broan ngadatangkeunana kamoeljaan ngaloengsoerkeunana karahajoean ladang oesahana teh, moal tjara sambel djahe kop-kop tewewet tapi moal weleh ngeureujeuh teu goeroeng goesoeh, sasieureun sabeunjeureun.

Mangga . . . . sadaja oerang sareng oesaha, oerang ngoempoelkeun tanaga, sangkan kasangsaraan kanistaan anoe toemiba ka oerang Soenda geura geura moesna.

Geusan noendoeng kanistaan hidji bangsa, tawis oge djadi bahan kasalametan bangsa tea.

Ari kaloehoengan boedina bangsa tea kedah pada ngadjoengdjoeng koe noe kagoengan, pada ngaraksa koe sadaja sangkan tambah moeljana, adjeg pantjeg heeneranana, njeboet aloes ka noe aloes, njeboet bener ka noe bener, njeboet salah ka noe salah, teu kagembang koe kasilir angin, henteu obah koe pangeurag.

Ebrehkeun kadjoedjoeran kalboe.
„ kasoetjian ati.
„ harga salira.
„ wawanen dina bener.
„ kamoeljaan toeroenan oerang.
„ kalemesan boedi.

Singkahan ngoentjoeng djeung palsoe.

Djoeragan-djoeragan! teu atjan sampoerna hiroep-koemboeh oerang oepami nembe moeloes kalboena woengkoel mah, da aja deui pangaboetoehna, nja eta **kapinteran**, elmoe anoe ngagolangkeun akal (wetenschap).

Tapi ari teu diamalkeun mah elmoe oge, nja tjara tangkal kaweni henteu boeahan, da elmoe teh koedoe anoe djadi pangdjoeroeng kana kasalametanana hiroep koemboeh, mawa djatnika ka sadajana.

Ari anoe kakoeroeng koe ketjap elmoe djabi ti kapinteran biasa, anoe gede pangdjoengdjoengna kana nandjoengna bangsa nja eta **kunst**. Ieu perkawis kunst engke ti pengker baris dipedar saeutik cutikeun.

Tah etah margina noe mawi Pasoendan mah dina ngoedag maksoedna teh teu ngantoen poesaka karoehoenna ngadjalankeun poelitik dibaroeng koe ngamoemoele kunst djeung cultuurna bangsana.

(Samboengeun)

## Kaajaan Administratie Orgaan Somah - Moerba.

Nampi panjoembang ti tjabang-tjabang Pag. Pasoendan dina sasih:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Augustus 1926 | ti | tjabang | Bandoeng | f 7,50 |
| September | „ | „ | Tjiandjoer | f 2,50 |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 7,50 |
| October | „ | „ | Tasikmalaja | f 10,— |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 4,50 |
| November | „ | „ | Bogor | f 65,— |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 6,50 |
| December | „ | „ | Tasikmalaja | f 15,— |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 4,50 |
| „ | „ | „ | Tjiamis | f 2.50 |
| „ | „ | „ | Parigi | f 5,— |
| „ | „ | „ | Tjiandjoer | f 5,— |
| „ | „ | „ | Paroeng | f 5,— |
| Januari | 1927 | „ | Tasikmalaja | f 10,— |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 7.50 |
| Februari | „ | „ | Paroeng | f 5.— |
| „ | „ | „ | Bandoeng | f 10,— |
| „ | „ | „ | Soekaboemi | f 7.— |
| „ | „ | „ | Garoet | f 9.— |
| „ | „ | „ | Tasikmalaja | f 10,— |
| Maart | „ | „ | Bandoeng | f 8,— |
| „ | „ | „ | Garoet | f 9.— |
| | | | Djoemlah | f 216 — |

(Doea ratoes genep belas roepia)

Bandoeng, 1 April 1927.

Lid H. B. Pasoendan,

**Bakrie.**

## Wartos ti Administratie.

Administratie Langlajang Domas parantos nampi artos anggoeun ongkos Langlajang Domas ti Pasoendan Tjabang Garoet f 15,— ti Tjabang Bandoeng f 10 sareng ti Tjabang Tasikmalaja f 10,—

Pangdeudeul ti Tjabang-tjabang sanes diadjeng-adjeng pisan.

Adresna ka Ahmad Atmadja Empang 23 Tasikmalaja.


**Enggal langganan „SIPATAHOENAN" serat kabar Minggoean Soenda.**

**Pangaos sakwartaal f 1,50. Langganan advertentie moerah, sae barempag sareng Administratie Sipatahoenan.**